O`zbekstan Respublikası xalıq bilimlendiriw wa`zirligi
A`jiniyaz atındag`ı No`kis ma`mleketlik pedagogikalıq institutı

Pedagogika fakul`teti

Mektepke shekemgi ta`lim kafedrası

Mektepke shekemgi ta`lim ha`m balalar sportı ta`lim bag`darının`
4 «g» kurs talabası

Jumanazarova Gauxar Esemuratovna

# Pitkeriw qa`nigelik jumısı

Tema: Orta topar balalardı a`dep-ikramlılıqqa ta`rbiyalaw ma`seleleri

Ilimiy basshı: p.i.k. R.Alewova

Kafedra baslıg`ı: ps.i.k. K.Tleumbetova

No`kis - 2013

M a z m u n i

Kirisiw . . . .. . . .. . . .. . . . .. . . . . . . . .. . . . . .. . . . . . . . . . .. . . .. . . . . .. . . . . . . .. . . .3-9

I BAP. Mektepke shekemgi jastag`ı balalardı a`dep-ikramlılıqqa ta`rbiyalaw tiykarları

1.1. A`dep-ikramlılıqqa ta`rbiyalawdın` pedagogikalıq tiykarları. .. . .. . . . . .. . 10-13

1.2. A`dep-ikramlılıq minez-qulıqtı qa`liplestiriwdin` mazmunı. . . .. . . . . .. .. ..14-20

II Bap. Orta topar balalarda a`dep-ikramlı minez-qulıq a`detlerin ta`rbiyalaw

2.1. Orta topar - a`dep-ikramlı minez-qulıqtı ta`rbiyalawdın` qolaylı da`wir ekenligi.. . . . . .. . . .. . . .. . . . .. . . . . . . . . .. . . . .. . . . . . . . .. . . . .. . . . . .. . . . . . .. . .. .. . . 21-25

2.2. Orta topar balalardı a`dep-ikramlılıqqa ta`rbiyalaw wazıypaları. . . . .. . .. . ..26-31

2.3. Orta topardag`ı balalarda a`dep-ikramlılıq a`detlerin ta`rbiyalaw metodikası . . . . . . .. . . . . . .. . . . . .. . . . . . . .. . . . . .. . . . . .. . . . . . . . .. . . . . . . .. . . . . . . . . .. . 32-37

2.4. Balalardın` minez-qulıq ma`deniyatın qa`liplestiriw boyınsha jumıslardı rejelestiriw. . . . . . .. . . . . . . .. . . . . . .. . . . . . .. . . . . .. . . . .. . . . . . . . . . . . . . . . . . . 38-40

Juwmaqlaw. . .. . . . . . . . . .. . . . . . . .. . . . . . .. . . . . . . .. . . . . . .. . . . .. . . . . . .. . . . . .41-42

Paydalanilg`an a`debiyatlar dizimi. . .. . . . . . . . . .. . . . . . .. . . . . .. . . . . . . . .. . . . . .. 43

Qosimshalar . .. . . . . . . . . .. . . . . . . .. . . . . . .. . . . . . . .. . .. . . . . . . . .. . . .. . .. . . ..44-45

## Kirisiw

**Temanin` aktuallig`i**: O`zbekstan Respublikası o`z g`a`rezsizligin alg`an erkin, azat ma`mleket bolıwı menen tilimiz, dinimiz, u`rp-a`detimiz ha`m ruwxıy o`timshimizdi u`yreniw boyınsha ko`p g`ana jumıslar a`melge asırılıp atır. Prezidentimiz İslam Karimov «Biz halqımızddın` du`n`yada hesh kimnen kem bolmawı, perzentlerimizdin` bizden de ku`shli, bilimli, dana ha`m a`lbette, baxıtlı bolıp jasawı ushın barlıq ku`sh ha`m imkaniyatlarımızdı bag`darlap atırg`an ekenbiz, bul boyınsha ruwhıy ta`rbiya ma`selesi, so`zsiz, ten`i joq a`hmiyetke iye boladı»[1], dep atap ko`rsetken edi.

Xalıq pedagogikası ha`m onın` ta`rbiyalıq da`stu`rleri xalqımızdın` ko`p a`sirlik ta`rbiyalıq ta`jiriybelerinin` negizi bolıp, ol o`zinin` jaslarg`a ta`sir etiwshi bay mu`mkinshilikleri menen a`meliy ko`rinislerine iye. Sonlıqtan insan turmısının` tiykarg`ı ma`nisin ha`m onın` rawajlanıw barısın milliy miyraslarsız ko`z aldımızg`a keltire almaymız. O`sip kiyatırg`an jas a`wladtı adamgershilik, a`dep-ikramlılıq tiykarında miynetkesh, miyrimli, pa`k, hadal, iymanlı, insaplı etip ta`rbiyalawda xalıq da`stu`rleri menen u`rp-a`detlerinin` ta`rbiyalıq a`hmiyeti biybaha.

Son`g`ı jıllar ishinde elimizdegi ja`miyetlik qayta qurıwlardın` barısı xalıqtın` siyasiy-ekonomikalıq ha`m sotsiallıq turmısındag`ı jan`alanıwlar insan o`mirinde ko`z-qarası ha`m minez-qulıqında belgili o`zgerislerdi payda etip atır. Haqıyqatında da milliy ta`rbiyalıq da`stu`rlerdin` ruwxıy du`n`yamızdı ja`ne de teren`lestirip keleshekke isenim, mehir-muhabbat arttırıwı xalıq da`stu`rleri menen u`rp-a`detlerinin` ja`miyetlik turmıstag`ı salmaqlı ornı ha`m a`hmiyetin ko`rsetedi.

Prezidentimiz İ.Karimov O`zbekstannın` o`z rawajlanıw jolı «Xalıqtın` milliy-tariyxıy turmısınan ha`m pikirlew qa`lpinen, xalıq da`stu`rleri ha`m u`rp-a`detlerinen kelip shıg`adı»[2] dep aykanınday, bu`gingi ku`ni ata-babalarımızdın` u`rp-a`det ha`m saltının` dawamı, turmıs qa`lpinin` tımsalı bolıp ko`ringen xalqımızdın` basıp o`tken uzaq o`tmishi, tariyxıy jolın, a`sirese ta`lim-ta`rbiyalıq da`stu`rlerin u`yreniw ha`m onı ha`zirgi turmısımızda paydalanıw za`ru`rlikleri ju`zege keldi.

[1] İ.Karimov. Yuksak ma`naviyat- engilmas kuch. – Toshkent, Ma`naviyat, 2008. – 4 bet.
[2] İ.Karimov. Wzbekistonning wz istiqlol va taraqqiyot ywli. – Toshkent, Wzbekiston, 1992. – 11 bet.

Mektepke shekemgi jastag`ı balalarg`a ta`rbiya beriwdin` baslı maqseti - bul ha`r bir insandı ha`r ta`repleme aqılıy jaqtan rawajlang`an etip ta`rbiyalaw. Al ha`r ta`repleme rawajlang`an insan degende, deni saw, ku`shli, g`ayratlı, o`z ana Watanın su`yiwshi, mehriban, u`lkenlerdi sıylap, kishkenelerge g`amxorlıq jasawshı aqıllıq penen is tutıwshı adamlardı tu`sinemiz. Ha`r ta`repleme rawajlang`an adamı ta`rbiyalaw bul en` da`slepki ta`lim-ta`rbiya basqıshı bolg`an mektepke shekemgi ta`lim ma`kemelerinen baslanadı. Sol ushın da mektepke shekemgi ta`rbiya ma`seleleri ja`miyetimizdin` rawajlanıwına ta`sirin tiygiziwshi en` a`hmiyetli da`reklerdin` bolıp esaplanadı. Sebebi bala usı jasında du`n`yanı mazmunlı tanısıp ha`m qorshap turg`an ortalıqqa ko`z-qarası durıs tu`sinikler menen tolısıp bayıp tursa, balanın` sanasında keleshek ushın kerekli bolg`an, jaqsı, unamlı na`rseler qa`liplesip jetilisip baradı.

Usıg`an baylanıslı mektepke shekemgi ta`lim ma`kemelerindegi ta`lim-ta`rbiyalıq jumıslarında to`mendegi wazıypalardı a`melge asırıw na`zerde tutıladı:

- ja`miyetimizdegi ha`r bir balanın` sana sezimi rawajlandırıwda mektepke shekemgi ta`lim ma`kemelerinin` ayrıksha orıng`a iye ekenligin tu`sindiriw;

- balalar ta`rbiyasına maksimal jag`day (ha`reket ajıratıw ha`m materiallıq texnikalıq baza) jaratıw;

- mektepke shekemgi ta`lim ma`kemeleri toparlarındag`ı ta`rbiyalanıwshı bala sanın azaytıp, ta`rbiyashılarg`a ha`r bir bala menen jeke islesiwge mu`mkinshilik jaratıw;

- ha`r ta`repleme rawajlang`an insandı ta`rbiyalawg`a xalıq pedagogikasınan bay ta`jiriybeni, sonday-aq ta`lim-ta`rbiyanın` jan`a forma ha`m usılların, ha`zirgi zaman pedagogika ilimlerinin jetiliskenliklerin engiziw;

- bular arqalı balalarg`a qızıg`ıwshılıq, o`z betinshelik, do`retiwshilik belsendilikti ja`ne de rawajlandırıw, adamgershilik qa`siyetlerin qa`liplestiriw;

- shan`araq, mektepke shekemgi ta`lim ma`kemesi ha`m mektep arasındag`ı o`z-ara baylanıstı ta`miynlew;

- ta`lim-ta`rbiya barısın shan`araqtag`ı da`stu`rler tiykarında du`ziw, ata-analarg`a bala ta`rbiyası boyınsha jaqınnan ja`rdem beriw, shanaraq ha`m balalar baqshasının` birgelikli bolıwına erisiw.

Bul jerde bala bilim alıwdın` ob`ekti emes, al sub`ekti bolıwı, tayın bilimdi almay, al do`retiwshilik penen onı o`z betinshe o`zlestiriwi za`rur.

Balanın` bilim alıwı ku`ndelikli turmısındag`ı mu`ta`jligine aylanıp, aynaladag`ı adamlarg`a olardın` qarım-qatnasına, zatlarg`a, buyımlarga qızıg`ıwshılıg`ın rawajlandırıwı lazım. Bala ba`rhama o`zi ushın jan`alıq ashıp, o`z qızıg`ıwshılıg`ın qanaatlandırıp, aynaladag`ı du`n`yanı tanıp biliwde tan`lanıwı, quwanısh sezimin bildiriw qa`siyetlerine iye bolıwı kerek.

Ta`lim-ta`rbiya jumısların sho`lkemlestiriwde tek etnopedagogikanı paydalanıp qoymastan, al ilimiy pedagogika bergen ta`jiriybe juwmaqların, sonday-aq tuwısqan xalıqlardın` ta`rbiyadag`ı unamlı ta`jiriybelerinde paydalanıwı za`ru`r. Balag`a bilim beriw tek arnawlı sho`lkemlestirilgen sabaq barısında emes, al oyın, miynet, ta`biyiy sharayatlarda berilip barılıwı lazım.

Ta`lim alıw barısında bala o`z xalqının` ruwxıy baylıqların, tariyxın, ma`deniyatın, milliy da`stu`rlerin, u`rp-a`detlerin belgili da`rejede bilip tu`sinikke iye bolıwı ushın ta`lim-ta`rbiyanın` jan`a formaları ha`m usılların ken` tu`rde engiziwi zaru`r.

Joqarıda ko`rsetilgenlerdi a`meliy is ju`zinde orınlaw ushın shan`araq, mektepke shekemgi ta`lim ma`kemesi ha`m mektep arasındag`ı qarım-qatnas tıg`ız baylanısta bolıwı, balanı mektepke tayarlawda aqıl ha`m ja`ma`a`tke aralasıwshılıq jaqtan jen`il beyimlesip ketiwge ja`rdem ko`rsetiwshi bolıwı kerek.

Ha`zirgi waqıtta balalardı ha`r ta`repleme rawajlang`an, salamat insan etip tarbiyalaw ma`seleli a`hmiyetli bolıp tabıladı. Ma`mleketimizdin` ga`rezsizlikke erisiwi menen ta`lim-ta`rbiya protsessine ayırıqsha itibar qaratıldı. Sabaq protsessinde xalqımızdın` milliy u`rp-a`det, qadriyatlarınan paydalanıwg`a ken` mu`mkinshilikler jaratıldı. Sonday-aq balanın` shan`araqtag`ı ta`rbiyasına kewil bo`linbekte. O`ytkeni bala shan`araqta jaqsı ta`rbiya alıwı kerek. Olar ko`pshilik waqtın shan`araqta o`tkeredi. Bul jerde ta`rbiyanın` u`zliksizligin na`zerde tutuwımız kerek.

Balalardı turmısqa tayarlawda a`dep-ikramlılıq ta`rbiyasının` a`hmiyeti og`ada ullı. Balalarg`a a`dep-ikramlılıq, ruwxıylıq haqqında belgili bir tu`sinikler beriw ushın xalıqlıq ta`rbiya usıllarınan paydalang`an maqul keledi. Xalqımız a`zelden balalardın` a`dep-ikramlılıg`ına u`lken itibar bergen. Bul ma`seleler qaraqalpaq xalıq

pedagogikasında da o`z ornın tapqan. Bul boyınsha xalıq awızeki doretpelerinde ko`plegen shıg`armalarıda ko`riwimizge boladı. U`zliksiz ta`lim protsessinde qaraqalpaq xalıq pedagogikasının` u`lgilerien paydalanıw o`zinin` unamlı na`tiyjesin beredi.

Mektepke shekemgi jastag`ı balalardın` a`dep-ikramlılıq ta`rbiyası ma`selesi ha`zirgi zaman ja`miyetshiliginde qa`liplesken sharayatlarg`a baylanıslı aktuallaspaqta. Adamnın` ma`deniyat iyeliginen ayrılıwı reyimsizlikti keltirip shıg`arıp, o`sip kiyatırg`an a`wladqa jaqsılıq ha`m jamanlıq ug`ımının` o`zgeriwine alıp keledi ha`m ja`miyet aldına morallıq to`men taslaw qa`wipin qoyadı. Sonlıqtan mektepke shekemgi jastag`ı balanın` a`dep-ikramlılıq sistemasının` o`zi tu`pkilikli qayta oylap ko`riwdi talap etedi. Ha`zirig zamanago`y pedagogikadag`ı bunday izertlew bag`darı o`zinin` islep shıg`ıwlar sanı, tolıqlıg`ı ha`m sistemalılıg`ı boyınsha ta`rbiyanın` aqıl, fizikalıq ha`m basqa da tu`rlerine salıstırg`anda a`zzi ta`miyinlengen. Eger burınları mektepke shekemgi ma`kemelerde ha`reket etip kelgen a`meliyatta a`dep-ikramlılıq ta`rbiyası ideologiyalıq standarlar menen belgilenip, ayırım a`dep-ikramlılıq normaları menen (kishipeyillik, etika qa`deleri) tanısıw menen shekelengen bolsa, al a`dep-ikramlılıq ta`rbiyası usılları balag`a sırttan ta`sir jasaw (isendiriw, boysındırıw, etikalıq gu`rrin`lesiwler usılı)g`a tiykarlandı, al bu`gin a`dep-ikramlılıq ta`rbiyası mazmunın belgilewdin` basım kelgen bolıp haq kewillilik, a`dalatlıq, adamgershilik sıyaqlı ulıwma insaniylıq sezimler xızmet etiwi tiyis.

Mektepke shekemgi jastag`ı balalar shaxsının` a`dep-ikramlılıq sıpatların, minez-qulqının` a`dep-ikramlılıq a`detlerin qa`liplestiriw mashqalası pedagoglar aldında ba`rhama turadı. İzertlewlerdin` ko`rsetiwinshe, erte intellektual rawajlanıwg`a beriliwine qaramastan, balalardın` en` bahalı sıpatları jaqsılıq ha`m miyrim-sha`pa`a`tlilik bolıp tabıladı. Mektepke shekemgi jastag`ı balalar ushın bilimlendiriw da`stu`rleri shaxstın` a`dep-ikramlılıq sıpatların qa`liplestiriwge ha`m ta`rbiyalawg`a arnalg`an.

Bunın` a`hmiyetli ekenligi o`z-o`zinen ko`rinip tur. Tap sol mektepke shekemgi jasta g`ana tiykarg`ı etikalıq sezimleri, shaxstın` tiykarları ha`m onın` basqa adamlarg`a qarım-qatnasıg`ı qa`liplesedi ha`m bekkemlenedi. Sonın` menen

birge, bunday ta`rbiyalaw metodları onsha ko`zge taslanbaydı ha`m a`hmiyetli pedagogikalıq mashqala bolıp esaplanadı. Usınday da`stu`rlerdin` ko`pshiliginde pedagoglar balalardın` agressivligi, ayawsızlıg`ı, emotsional sezimlerge bay emesligi, o`zinshe ha`m o`z qızıg`ıwları ishinde qalıp qoyıp o`sip baratırg`anı bayqaladı.

Mektepke shekemgi jastag`ı balalardın` a`dep-ikramlılıg`ın rawajlandırıw mashqalası ha`zirgi waqıtta ja`miyettin jag`dayı menen aktuallasadı. Adamnın` ma`deniyattan uzaqlasıwınan kelip shıg`atug`ın qa`driyatsızlıq, ruwxıysızlıq, qa`driyatlardı saqlaw ha`m o`tkeriw usılı sıpatında o`sip kiyatırg`an a`wladta jaqsılıq ha`m jamanlıq tu`siniginin` o`zgeriwine alıp keledi ha`m ja`miyetti morallıq buzılıw qa`wpine qoyadı. Mektepke shekemgi jastag`ı balalardı a`dep-ikramlılıqqa ta`rbiyalaw sisteması qayta ko`rip shıg`ıwdı talap etedi. Eger burıng`ı mektepke shekemgi ta`rbiya mekemelerindegi a`dep-ikramlılıqtı ta`rbiyalaw a`meliyatları ideologiyalıq standartlar menen belgilenip, ayırım a`dep-ikramlılıq normaları menen tanısıw menen g`ana sheklengen, al a`dep-ikramlılıqtı ta`rbiyalaw metodları balag`a sırttan ta`sir etiwge (isendiriw, sin`diriw, etikalıq sa`wbetler) tiykarlang`an bolsa, bu`gin a`dep-ikramlılıqtı ta`rbiyalawdın` mazmunın belgilewde u`stin bag`darlar jaqsılıq, a`dillik, adamgershilik sıyaqlı ulıwma adamzat qa`driyatları bolıwı kerek. Demek, a`dep-ikramlılıq normaların emotsional-shaxslıq, ishki aqılı qabıllawg`a mu`mkinshilik beretug`ın basqa metodlar talap etiledi.

Balalar a`dep-ikramlılıg`ının` kriteriyalarıda o`zgermekte. Bu`gin biz bilimnin` barlıg`ı balanın` a`dep-ikramlılıq normaların real saqlawın ta`miyinley almaytug`ınlıg`ın tu`sinemiz. Ma`deniy minez-qulıq a`detlerin ta`rbiyalay otırıp, balanın` sezimine ha`m sanasına ta`sir etiw kerek, sonın` menen bir qatarda onın` usı a`detlerge shınıg`ıwına da itibar beriw kerek.

A`dep-ikramlılıq a`detleri ha`m ko`nikpelerin ta`rbiyalaw - a`dep-ikramlılıq minez-qulqın qa`liplestiriwdin` a`hmiyetli sha`rti. Balanın` qa`liplesip atırg`an a`dep-ikramlılıq a`detlerin ba`rinen de burın onın` minez-qulıq ma`deniyatında, sırtqı ko`rinisinde, so`zinde, onın` na`rselerge qatnasında, a`tiraptag`ı adamlar menen mu`na`sibetlerinin` xarakterinde sa`wlelenedi.

Mektepke shekemgi jastag`ı balalardın` minez-qulıq ma`deniyatı haqqında so`z bolg`anda ko`nikpeler ha`m qa`biletlerdin` tolıq jıynag`ı ko`zde tutıladı. Ol ku`n

rejiminde ulıwma ta`rtipti uslap turıwg`a, shan`araq turmısındag`ı ta`rtipti, u`ydegi, mektepke shekemgi ta`lim ma`kemesi toparındag`ı ta`rtipti saqlap turıwg`a, balanın` u`lkenler menen ten`lesleri menen tuwrı o`z-ara mu`na`sibetlerdi qurıwına mu`mkinshilik beredi. Bul a`detler ha`m ko`nikpeler tazalıq, puxtalıq, kiyimnin` tazalıg`ı, ayaq kiyimnin` tazalıg`ı, awqatlanıw ma`deniyatı (stolda o`zin tutıwı, awqatlanıw qurallarınan paydalana alıwı) ja`miyetlik orınlarda, mektepke shekemgi ta`lim ma`kemesinde, u`yde, ko`shede, u`yde u`lkenler ha`m o`z ten`lesleri menen mu`na`sibet ma`deniyatı, sho`lkemleskenlik ma`deniyatı (ku`n ta`rtibine mu`na`sibeti), oyın ma`deniyatı, oqıw sabaqları, miynet wazıypaların orınlaw, so`z ma`deniyatı (birewge qarap so`ylew forması, so`zlik ma`deniyatı, ton, so`zdin` tempi) menen baylanıslı.

Balag`a qandayda bir minez-qulıq ma`deniyatı a`detin sin`diriwdin` maqsetke muwapıqlıg`ın qandayda bir is-ha`rekettin` baslanıwı ko`rsete aladı. Ma`selen, 4 jasta balalar o`z-o`zine aktiv ha`m inta menen xızmet ko`rsete baslag`anda u`lkenler onı tazalıqqa, puxtalıqqa ha`m azadalıqqa u`yretedi. Sol jasta a`tiraptag`ılardın` so`zin tu`siniwdin` rawajlanıwı menen o`tinish etiw, ja`rdem soraw, o`z so`zin a`tiraptag`ılarg`a tu`sinikli etip ta`ripley alıw qa`liplesedi.

Shaxstın` a`dep-ikramlılıq sıpatların ha`m a`dep-ikramlı minez-qulıq a`detlerin ta`rbiyalaw metodların islep shıg`ıw ha`zirgi ku`nde ja`miyetshilik ha`m ata-analar ta`repinen pedagoglar ha`m psixologlar aldına qoyılatug`ın a`hmiyetli wazıypalardın` biri. Zamanago`y mektepke shekemgi pedagogika ushın usı jumıstın` aktuallıg`ı orta topardag`ı balalarda a`dep-ikramlılıq minez-qulıq a`detlerin ta`rbiyalawdın` tiykarg`ı jolların, metodların ha`m qurallarln anıqlaw metodların ha`m qurallarln anıqlaw za`ru`rliginde.

Joqarıda aytıp o`tilgenlerden kelip shıg`ıp, sonday-aq ilimiy a`debiyatlardı analizlep, jumıstın` maqseti, ob`ekti, izertlew predmeti anıqlanıp, ob`ekti, izertlew predmeti anıqlanıp, jumıstın` wazıypaları belgilendi.

**Jumıstın` maqseti** mektepke shekemgi orta topar balalardı a`dep-ikramlı minez-qulıq a`detlerine ta`rbiyalawdın` na`tiyjeli formaların, metodların ha`m jag`dayların u`yreniw bolıp esaplanadı.

**Jumıstın` ob`ekti** – mektepke shekemgi orta topar balalardı a`dep-ikramlı etip ta`rbiyalaw protsessinin` o`zi.

**Jumıstın` predmeti** – mektepke shekemgi orta topar balalardı a`dep-ikramlı minez-qulıq a`detlerine ta`rbiyalawg`a qaratılg`an pedagogtın` is-ha`reketleri.

**İzertlew wazıypaları**:

1. Psixologiyalıq-pedagogikalıq protsess sıpatında a`dep-ikramlılıqqa ta`rbiyalaw ha`m a`dep-ikramlı minez-qulıq a`detlerin qa`liplestiriwdin` mazmunın anıqlaw.
2. Mektepke shekemgi ta`lim ma`kmelerindegi ta`rbiyalaw da`stu`rin u`yreniw.
3. Mektepke shekemgi orta topar balalarda a`dep-ikramlı minez-qulıq a`detlerin ta`rbiyalaw metodları ha`m formaları.
4. A`dep-ikramlı minez-qulıq a`detlerin qa`liplestiriw boyınsha mektepke shekemgi orta topar balalardın` ta`rbiyalawshılarına usınıslar islep shıg`ıw.

**Izertlewdin` metodologiyaliq tiykari:** O`zbekstan Respublikasinin` Konstitutsiyasi, O`zbekstan Respublikasi Prezidenti I.A.Karimov shig`armalari, O`zbekstan Respublikasi «Bilimlendiriw haqqinda»g`i Nizam, «Kadrlar tayarlaw milliy dasturi», mektepke shekemgi ta`lim mekemeleri xizmetin jetilistiriwge qaratilg`an normativ hujjetler, temag`a say ilimiy-pedagogikaliq, metodikaliq, tariyxiy, filosofiyaliq derekler.

**Izertlew metodlari.** Pedagogikaliq analiz, gurrin`lesiw, test, baqlaw, uliwmalastiriw, a`debiyatlardi analizlew, salistirw, eksperiment.

**Temanin` jan`alig`i.** Mektepke shekemgi jastag`i balalardin` a`dep-ikramlılıq ta`rbiyası teoretikaliq ta`repten analizlendi, mektepke shekemgi orta topar balalarda a`dep-ikramlı minez-qulıq a`detlerin ta`rbiyalaw metodları ha`m formaları u`yrenildi, A`dep-ikramlı minez-qulıq a`detlerin qa`liplestiriw boyınsha mektepke shekemgi orta topar balalardın` ta`rbiyalashılarg`a usinislar islep shig`ildi.

**Temanin` duzilisi.** Kirisiw, eki bap, juwmaqlaw, paydalanilg`an a`debiyatlar diziminen ibarat.

# I BAP. Mektepke shekemgi jastag`ı balalardı a`dep-ikramlılıqqa ta`rbiyalaw tiykarları

## 1.1. A`dep-ikramlılıqqa ta`rbiyalawdın` pedagogikalıq tiykarları

*Mektepke shekemgi jas da`wir* - balalardı a`dep-ikramlılıqqa ta`rbiyalaw ha`m rawajlandırıw ushın en` qolaylı jas da`wirleri bolıp tabıladı. Bul da`wirde balanın` u`lken jastag`ı adamlar ha`m o`z dosları menen qatnasıqları ken`eyedi ha`m qayta qurıladı, ha`reket tu`rleri quramalı bola baslaydı, qatarları menen birliktegi is-ha`reketleri payda boladı. Bala u`lken jastag`ı adamlarg`a dıqqat-itibar menen qaray baslaydı, adamlar arasındag`ı o`z-ara qatnasıqlardı ajıratıwdı u`yrenedi. Mektepke shekemgi jastag`ı bala eresek bolıwg`a umtılıp, adamlar arasındag`ı qatnasıqlar du`n`yasın o`zlestiredi, olardın` o`z-ara birliktegi ha`reketi boyınsha a`melge asırılatug`ın nızamlardı, yag`nıy o`z is-ha`reketlerin minez-qulıq qag`ıydalarına ha`m ja`miyetlik a`dep-ikramlılıq normalarına bag`ındıradı.

Mektepke shekemgi jastag`ı balalardı a`dep-ikramlılıqqa ta`rbiyalawdın` mazmunı to`mendegishe bag`darlardı o`z ishine aladı:

- shaxs sıpatında qa`liplesiwinde insanıylıq sezimlerin ta`rbiyalaw;
- ja`ma`a`tshilikti ta`rbiyalaw;
- tuwılg`an elge, watang`a su`yispenshilik tiykarların qa`liplestiriw;
- miynetke ha`m miynetti su`yiwshilikke qatnastı qa`liplestiriw.

Balalardın` o`z-ara qatnasıqları a`dep-ikramlılıq qag`ıydaları ha`m normaları menen ta`rtiplestiriledi. O`zin tutıw ha`m o`z-ara qatnasıqlar qag`ıydaların biliw balag`a o`z ten`lesleri du`n`yasına, adamlar du`n`yasına kiriw protsessin jen`illestiredi.

Erte balalıq da`wirde a`dep-ikramlılıq ko`nlikpeleri turmıslıq ha`m predmetlik is-ha`rekette, da`slep u`lken jastag`ılar menen birliktegi, son`ınan o`z betinshe ha`reketlerinde qa`liplesedi. Bul jasta bala adamlar ha`m predmetler menen o`z-ara birlikte qatnas jasawdın` belgili bir qag`ıydaların tu`siniwge uqıplı boladı. A`lbette, bunday qag`ıydalar balanın` oy-pikirinin` a`meliy, ko`rgizbeli shen`berleri menen sheklenedi. Normalardı qag`ıydalardı tu`siniw balanın` o`z ta`jiriybesine tiykarlanadı.

Sonlıqtan da, erte jastan baslap qoyılg`an talaplardı turmıslıq ta`jiriybe mısallarında ko`riw za`ru`r boladı.

Balanın` a`dep-ikramlılıq jaqtan rawajlanıwı ushın u`lken jastag`ılardın` u`lgisi a`hmiyetli bolıp tabıladı. Bala o`zindegi minez-qulıqtı qa`liplestiriwde, ko`birek u`lkenlerdin` predmetlerge, haywanlarg`a qatnasın ata-anasınan ha`m ta`rbiyashılardan aladı, u`yrenedi. Jaqsı yamasa jaman ekenligi haqqındag`ı so`zler da`slep u`lken jastag`ı adamlardan bilinip, son`ınan bala olardı yadına tu`siredi ha`m sog`an uqsas jag`daylardı olar qaytalaydı.

3 jasqa shekemgi bala is-ha`reketler islegende, olardı ayırıp ko`rsetip otırmaydı. Bunday is-ha`reketlerge bahanı u`lken jastag`ılar berip, unamlı yamasa unamsız ta`replerin so`zler arqalı aytadı. Sırttan qadag`alawsız bala qag`ıydalardı jiyirek buzadı. Sonlıqtan da, balanın` oynawına ruxsat etilmeytug`ın na`rselerdi onın` qolı jetpeytug`ın jerlerge qoyıw, qa`wipli orınlardı baladan bo`leklep qorshaw, onda unamlı belsendilik ha`m o`z betinshelik payda bolıwı ushın barlıq sharayatlar du`ziw (jetkilikli mug`darda balanın` jasına sa`ykes oyınshıqlar beriw) maqsetke muwapıq boladı. Balag`a, son`ınan qadag`an etiletug`ın na`rseni islewge ruxsat etiwge bolmaydı.

A`dep-ikramlılıq sıpatlarının` bekkemligi, turaqlılıg`ı olardın` qalay qa`liplesiwi pedagogikalıq ta`sirdin` tiykarına baylanıslı boladı.

*İnsannın` a`dep-ikramlılıq jaqtan qa`liplesiwi bul:bilimler ha`m tu`sinikler, sezimler ha`m qatnasıqlar, ko`nlikpeler ha`m a`detler, is-ha`reketlerha`m o`zin tutıw*

Qa`legen a`dep-ikramlılıq sıpatın qa`liplestiriw ushın onın` sanalı tu`rde o`tiwi og`ada a`hmiyetli. Sonlıqtan da olardın` tiykarında ballada a`dep-ikramlılıq sıpatının` mazmun-ma`nisi haqqında, onın` za`ru`rligi ha`m og`an iyelik etiwdin` artıqmashlıqları haqqında tu`sinikke bay bilimler za`ru`r. Ballada a`dep-ikramlılıq sıpatın iyelew tilegi payda bolıwı, yag`nıy sa`ykes a`dep-ikramlılıq sıpatın iyelew ushın tiykar bolıwı tiyis.

Tiykardın` payda bolıwı sıpatlı qatnasqa alıp keledi, ol o`z gezeginde, sotsiallıq sezimlerdi qa`liplestiredi. Sezimler qa`liplesiw protsessine jeke pikirlewshilik a`hmiyetli ko`rinis beredi ha`m sonlıqtan da payda bolıp atırg`an sıpatlardın` bekkemligine ta`sir ko`rsetedi. Biraq bilimler ha`m sezimler olardı a`meliy iske

asırıw, yag`nıy o`zin tutıwda, is-ha`reketlerinde a`melge asırıw talabın payda etedi. İs-ha`reketler ha`m o`zin tutıw qa`liplesip atırg`an sıpattın` bekkemligin tekseriw ha`m tastıyıqlawg`a mu`mkinshilik beredi. Bul sistema ob`ektiv xarakterge iye boladı. Ol ba`rhama, insannın` qa`legen sıpatın (a`dep-ikramlılıq yamasa a`depsizlik) qa`liplestiriwde payda boladı.

A`dep-ikramlılıqqa ta`rbiyalaw sistemasının` baslı o`zgesheligi o`z-ara ornın basıw, almastırıw printsipinin` joqlıg`ınan ibarat bolıp tabıladı. Bull sistemanın` ha`r bir bo`limi a`hmiyetli, onın` alıp taslanıwı yamasa basqası menen o`zgertiliwi mu`mkin emesligin an`latadı. Onın` ha`reketi iykemli xarakterge iye boladı: ha`r bir bo`liminin` izbe-izliligi ta`rbiyalaw ob`ekti sıpatının` o`zgesheliklerine (onın` quramalılıg`ına ha`m t.b.) ja`ne jasına baylanıslı o`zgeriwi mu`mkin.

Bilimlerden xabardar etiwden emes, al o`zin tutıw a`meliyatının` emotsionallıq (sezimtallıq) bazasın, a`meliyatın qa`liplestiriwden baslaw kerek. Bul bilimlerdi bunnan bılay o`zlestiriw ushın qolaylı tiykar bolıp xızmet etedi.

A`dep-ikramlılıqqa ta`rbiyalaw wazıypaları eki toparg`a bo`linedi:

- a`dep-ikramlılıqqa ta`rbiyalaw sistemasının` wazıypaları;

- moral`lıq qa`diriyatlardı qa`liplestiriw wazıypaları.

*A`dep-ikramlılıqqa ta`rbiyalaw sistemasının` wazıypaları*:

• a`dep-ikramlılıq sıpatlarının` mazmun-ma`nisi, onın` za`ru`rligi ja`ne og`an iyelik etiwdin` artıqmashlıqları haqqında tu`siniklerdi qa`liplestiriw;

• a`dep-ikramlılıq sezimlerin, a`detlerin, normaların ta`rbiyalaw;

• o`zin tutıwdın` a`meliyatın o`zlestiriw.

Ha`r bir bo`limi o`zinin` qa`liplesiwinin` o`zgesheliklerine iye boladı, biraq bulardın` bir tutas sistema ekenin yadta tutıw za`ru`r. Sonlıqtan da bir bo`limin qa`liplestirgende basqa bo`limlerine sha`rtli ta`sir etiw na`zerde tutıladı. Wazıypalardın` bul toparı turaqlı, o`zgermeytug`ın xarakterge iye boladı.

*Moral`lıq qa`diriyatlardı qa`liplestiriw wazıypaları:*

▪ insaniylıq sezimlerdi ha`m qatnasıqlardı ta`rbiyalaw

▪ watandı su`yiwshilik ha`m milletler aralıq ken` peyillik tiykarların qa`liplestiriw;

▪ miynet su`yiwshilikti, miynet etiw tilegin ha`m uqıbın ta`rbiyalaw;

- ja`ma`a`tshilikti ta`rbiyalaw.

Ta`rbiya tariyxıy xarakterge iye boladı ha`m onın` mazmunı bir qatar jag`daylar ha`m sharayatlar-ja`miyettin` talapları, ekonomikalıq faktorlar, ilimnin` rawajlanıw da`rejesi, ta`rbiyalanıp atırg`anlardın` jasının` o`siwine qaray o`zgerip baradı. Demek, o`z rawajlanıwının` ha`r bir basqıshında ja`miyet o`sip kiyatırg`an jas a`wladtı ta`rbiyalawdın` ha`r qıylı wazıypaların sheshedi, yag`nıy onda insannın` ha`r qıylı a`dep-ikramlılıq idealları boladı.

A`dep-ikramlılıqqa ta`rbiyalaw wazıypalarının` mazmunına tariyxıy basqısh, a`sirese, ta`rbiya ob`ekti, anıq turmıs sharayatları da ta`sir etedi. Moral`lıq qa`diriyatlardı qa`liplestiriw wazıypaları ha`reketshen` sıpatqa iye boladı.

Solay etip, mektepke shekemgi jastag`ı balalardı a`dep-ikramlılıqqa ta`rbiyalawda qorshag`an ortalıq, ata-ana, ta`rbiyashı ayrıqsha ta`sir jasap, sistemalı tu`rde ta`lim-ta`rbiya jumısların sho`lkemlestirgen de g`ana balalar ta`rbiyasına qoyılg`an wazıypalardı tolıq a`melge asırg`an bolamız.

## ***1.*** 2 . A`dep-ikramlılıq minez-qulıqtı qa`liplestiriwdin` mazmunı.

*Ta`rbiyalaw metodları* - bul ta`rbiyalawdın` belgilengen maqsetine erisiw jolları, usılları bolıp tabıladı.

*«A`dep-ikramlılıq ta`rbiya metodları* – balalardın a`dep-ikramlılıq ko`z-qaras ha`m bilimlerin iyelep alıwına, olarda ma`deniy minez-q ha`m unamlı qarım-qatnasıqlardı, shaxstın` a`dep-ikramlılıq sezimleri ha`m sıpatların ta`rbiyalawg`a qaratılg`an iskerlik usılı»[3] - degen tusinik beriledi.

*A`dep-ikramlılıqqa ta`rbiyalaw* metodları tomendegiler:

-*a`dep-ikramlılıqtın` o`zin tutıwdı qa`liplestiriw metodları:* shınıg`ıwlar, tapsırmalar, talaplar, ta`rbiyalawshı jag`daylar;

- *a`dep-ikramlılıq sananı qa`liplestiriw metodları:* tu`sindiriw, na`sihat aytıw, isendiriw, o`tinish, a`deplilik haqqında gu`rrin`lesiw, u`lgi;

- *xoshametlew metodları:* xoshametlew, jarıs, maqullaw, sıylıqlaw.

A`dep-ikramlılıqqa ta`rbiyalaw metodların tan`lap alıw printsipleri:

- metodtın` ta`rbiyalawdın` maqsetine ha`m wazıypalarına sa`ykesligi;

- metodtın` insanıylıq sıpatı;

- metodtın` reallıg`ı, haqıyqıylıg`ı;

- metodtı paydalanıw ushın sharayatlar ha`m qurallardın` tayarlıg`ı;

- metodtın` tan`lap alıw saylandılıg`ı;

- metodtı qollanıwdın` maqullıg`ı, muwapıqlılıg`ı;

- metodtın` ta`sirinin` itimallı na`tiyjesin rejelestiriw;

-metodtan paydalang`anda pedagogtın` shıdamı ha`m shıdamlılıg`ı;

- mektepke shekemgi jastag`ı balalardı a`dep-ikramlılıqqa ta`rbiyalawda metodtın` a`meliy bag`darlanıwının` basım bolıwı.

Mektepke shekemgi jastag`ı balalardı a`dep-ikramlılıqqa ta`rbiyalaw metodları o`z aldına bo`lek tu`rde emes, al kompleksli, o`z-ara baylanıslı tu`rde qollanıladı. Komplekste paydalanıw mu`mkin ha`m muwapıq bolg`an metodlardı tan`lap alıw ushın ta`rbiyalawdın` negizgi wazıypası ha`m balalardın` jası tiykar bolıp xızmet etedi (ma`selen, tu`sindiriw, shınıg`ıwlar, xoshametlew ha`m t.b.).

---

[3] P.Yusupova. Maktabgacha tarbiya pedagogikasi. – Toshkent, Wqituvchi, 1993.- 107 b.

Bul metodlarg`a tiykarg`ı talaplar qoyıladı: balalardın` jaqsılıq ha`m jamanlıq haqqındag`ı ko`z-qarasların itibarg`a alıw; a`dep-ikramlılıq minez-qulıq normaların dodalaw ushın arnawlı jaratılg`an jag`dayda balalardın` o`zlerin belsendi qatnastırıw; ha`r bir balanın` sezimlerine abaylılıq penen qarım-qatnasta bolıw.

A`dep-ikramlılıqqa ta`rbiyalaw belgili bir qurallardın` ja`rdeminde a`melge asırıladı, olardın` arasında ko`rkem-o`nerdi, ta`biyattı, balalardın` o`z is-ha`reketlerin, qarım-qatnastı, qorshag`an do`gerektegi jag`daydı ko`rsetiw za`ru`r.

Mektepke shekemgi jastag`ı balalardı a`dep-ikramlılıqqa ta`rbiyalawdın` quralları to`mendegishe toparg`a bo`lip u`yreniledi:

- ***Ko`rkem-o`ner qurallarıı:*** ko`rkem a`debiyat, su`wretlew ko`rkem o`neri, muzıka, kino ha`m basqalar. Bular sezip ha`m ko`rip u`yrenetug`ın moral`lıq qubılıslardı ra`n`ba`ren` sezimler arqalı ko`rsetiwge ja`rdem etedi. Ko`rkem-o`ner quralları balalarda morallıq tu`siniklerdi qa`liplestiriwde ha`m sezimlerdi ta`rbiyalawda a`hmiyetli orın tutadı.
- Mektepke shekemgi jastag`ı balalardı a`dep-ikramlılıqqa ta`rbiyalawdın` en` a`hmiyetli qurallarının` biri - ***ta`biyat*** bolıp tabıladı. Ol balalarda insaniylıq sezimlerdi, a`zzi, ja`rdemge mu`ta`j bolg`anlar haqqında g`amxorlıq etiw, olardı qorg`aw tilegin payda etedi, balada o`zine bolg`an isenimdi qa`liplestiriwge ja`rdem ko`rsetedi. Ta`biyat balalardın` a`dep-ikramlılıq sezimlerine ta`siri ko`p qırlı ha`m pedagogikalıq jaqtan ta`lim-ta`rbiyanı sho`lkemlestiriwde balada mehribanlıq sezimlerdi ha`m o`zin tutıwdı ta`rbiyalawdın` a`hmiyetli quralına aylanadı.
- Mektepke shekemgi jastag`ı balalardı a`dep-ikramlılıqqa ta`rbiyalawdın` tiykarg`ı quralı - **balalardın` o`z *is-ha`reketleri*** bolıp tabıladı. Bular oyınlar, miynet, shınıg`ıw, ko`rkem-o`ner jumısı. Jumıstın` ha`r bir tu`ri o`z o`zgesheliklerine iye boladı ha`m ta`rbiyalaw quralı funktsiyasın orınlaydı. Biraq bul qural, yag`nıy bunday jumıs, is-ha`reket ba`rinen burın a`dep-ikramlılıq o`zin tutıwdın` a`meliyatın ta`rbiyalawda og`ada za`ru`r. Bunda *qatnas* ayrıqsha orın iyeleydi. Ol a`dep-ikramlılıqqa ta`rbiyalaw quralı sıpatında ba`rinen burın moral` haqqında tu`siniklerdi sezimler ha`m qatnasıqlar arqalı ta`rbiyalaw wazıypaların orınlaydı.

▪ A`dep-ikramlılıqqa ta`rbiyalaw quralı, sonday-aq bala ***jasap atırg`an pu`tkil ortalıq*** bolıwı mu`mkin. Bunday ortalıq haq niyetlilik, su`yispenshilik, insanıylıqqa tolı bolıwı yamasa kerisinshe bunda reyimsizlik, a`depsizlik orın alıwı mu`mkin.

Balanın` do`geregindegi jag`day sezimlerdi, tu`siniklerdi, o`zin tutıwdı ta`rbiyalaw quralına aylanadı, yag`nıy ol a`dep-ikramlılıqqa ta`rbiyalawdın` pu`tkil sistemasın ku`sheytedi ha`m belgili bir a`dep-ikramlılıq sıpatların qa`liplestiriwge ta`sir etedi.

Demek, ta`rbiya quralların tan`lap alıw tiykarg`ı wazıypag`a, ta`rbiyalanıwshılardın` jasına, olardın` ulıwma ha`m intellektuallıq rawajlanıw da`rjesine, a`dep-ikramlılıq sıpatlarının` rawajlanıw basqıshına baylanıslı boladı.

«Balajan» tayanısh da`sturinde belgilep berilgen a`dep-ikramlılıq ta`rbiyanın` wazıypası ha`m mazmunı belgili sistema ha`m izbe-izlik penen a`melge asırılıwı ushın keleshek reje du`zilip, bunda a`dep-ikramlılıq ta`rbiyanın` ha`r bir teması boyınsha talim-ta`rbiya islerinin` pu`tin sisteması, izbe-izligi, pedagogikalıq protsessti sho`lkemlestiriwdin` ha`r qıylı formaları sa`wlelendiriledi.

Ja`miyettin` tiykarı bolg`an shan`araqta - bala du`n`yag`a kelgen ku`nnen baslap onın` o`miri turmıs sharayatlarına qarap ta`rtiplestiriledi ha`m ta`rbiyalanadı. A.İ.Vasil`evanın` aytqanınday: «Shan`araq balanı turmısqa, xojalıq, ta`rbiyalıq iskerlikke alıp kiriwde ko`birek imkaniyatlarga iye. Ko`pshilik jag`daylarda mektepke shekemgi kishi jastag`ı balalarda uqıp ha`m ko`nlikpelerdi qa`liplestiriwde shan`araqtın` ta`siri u`stem boladı»[4].

Ata-analar balanı belgili bir waqıtta uyıqlatadı, shomıldıradı, awqatlandıradı - ku`n ta`rtibine u`yretedi. Balag`a g`amxorlıq ko`rsete otırıp, ata-analar o`z wazıypaları ha`m qollanıw qag`ıydalarına iye predmetlerden paydalanadı: jo`rgeklew ushın - jo`rgek, awqatlandırıw ushın - emizikli shiyshe yaki qasıq, shomıldırıw ushın- balalar la`geni, su`lgi, sabın ha`m t.b. Aradan to`rt ay o`tkennen keyin balanın` ko`rgen na`rsesin uslaw ko`nlikpesi rawajlanadı, basqa zatlarg`a baylanıslı onın` ha`reketshen`ligi artadı ha`m usı zatlardı alıwg`a, uslawg`a umtıladı. Ol predmetler menen ha`r tu`rli ha`reketler isleydi. Sol sebepli, ata-analar tag`ı da bul ha`reketlerdi qag`ıydalarg`a muwapıq belgili bir bag`darda, balalardın` u`lkenler menen birgelikte

---

[4] A.İ.Vasil`eva. Bolalar bog`chasining katta tarbiyachisi. – Toshkent, Wqituvchi, 1991.- 156 b.

qag`ıydalar boyınsha is-ha`reketlerdi orınlawı, balanın` o`mirine belgili bir sho`lkemleskenlikti ha`m maqsetli rawajlanıwdı tuwrı jolg`a qoyg`an boladı.

B.Ziyomuhammadovtın` pikirine ko`re: «Shan`arak tarbiyası degende, ata-ana ha`m basqa shan`araq ag`zalarının`, olar qa`legen ja`miyetlik sıpatlardı balada qa`liplestiriw maqsetinde og`an qo`rsetken ta`limli ta`sirleri tu`siniledi»[5].

R.Raximova: bala o`mirinin` birinshi jılının` birinshi yarımında balada u`lkenler menen mu`na`sibette bolıw, olardın` dıqqatın o`zine awdarıw, umtılıw qa`liplesedi, u`lkenlerdin` jaqsı ko`riwi ha`m g`amxorlıg`ı, balada o`zin jaqsı seziw, kuwanısh-shadlıq, miyrimlilik, qızıg`ıwshılıqtı arttıradı[6] - dep ko`rsetken edi. Bunday o`zgeshelikler a`dep-ikramlılıq minez-qulıq a`detlerinin` qa`liplesiwinin` ha`m rawajlanıwının` baslang`ısh belgileri bolıp ju`zege keledi.

Balanın` go`deklik da`wirinde u`lkenler onın` menen qatnasta mimikalıq qurallardan paydalanadı, qolları menen yamasa so`z intonatsiyası menen balag`a o`z qatnasın bildiredi. Balanın` ayırım ha`reketlerin u`lkenler xoshametleydi, ja`ne bir ha`reketlerin jaqtırmaydı, solay etip balag`a o`z talapların bildiredi. Bala ele talaplardın` ma`nisin tu`sinbeydi, biraq dawıs intonatsiyasın, emotsional qatnastı sezedi. Mısalı, bala jaqsı awqatlansa u`lkenler og`an maqullap bas iyzeydi, ku`ledi, erkeletedi, onı «jaqsı bala» dep erkeletedi. U`lkenlerdin` so`zlerdi aytıwg`a u`yretiw da`wirleri birinshi jastın` aqırında so`z ha`m ha`reket arasında baylanıstın` minez-qulıq usılı menen baylanısıwına alıp keledi. Bunday baylanıslar balanın` minez-qulqının` sotsiallıq formaların o`zlestiriwge sebepshi boladı. Ma`selen, anası balasına «apag`a xosh bol dep ayt» degende bala qolın bılg`aydı, «raxmet ayt» degende ol basın iyzeydi.

Balanın` rawajlanıw protsesinde u`lken jastag`ılar mu`mkin ha`m mu`mkin emes degen talaplardı bildiretug`ın so`zlerdi qollanıw a`hmiyetli, sebebi olardı tiyisli sezimler menen bekkemlew kerek boladı. Ma`selen, «Mu`mkin» so`zin kewilli tu`rde ku`limsirep aytıw ha`m «Mu`mkin emes» so`zin qatal tu`rde bildiriw za`ru`r boladı. Mektepke shekemgi jastag`ı bala o`zinen u`lken jastag`ı adamnın` qatnasın ku`ta` ta`sirshen` qabıl etedi. Ol o`zin basqalardın` jaqsı ko`retug`ının, og`an haq niyetli

[5] B.Ziyomuhammadov. Pedagogik maxorat asoslari. – Toshkent, Tib-kitob, 2009.- 63 b.
[6] R.Raximova. Tarbiyachiga 1001 maslahat. –Toshkent, Chwlpon nomidagi nashriyot-matbaa ijodiy uyi.2007. – 6 b.

ha`m dıqqatlı qatnas jasaytug`ının tu`singisi keledi. Sonlıqtan da «Mu`mkin emes» so`zi qatan` intonatsiya ha`m mimika menen birge balada qanday da bir predmet yamasa ha`reketten bas tartıw kerekligin qa`liplestiredi. Ata-analarının` sezimlerine bag`darlanıwdı rawajlandırıw so`z benen ha`rekettin` ha`m o`zin tutıwdın` baylanısın ornatıwg`a alıp keledi. Bunday baylanıs bala ta`repinen o`zin tutıwdın` sotsiallıq normaların o`zlestiriwine ja`rdem etedi.

Solay etip, mektepke shekemgi jastag`ı balalarda a`dep-ikramlılıq jaqtan o`zin tutıwdın` da`slepki formaları payda boladı. Erte balalıq da`wirde ju`riwdi u`yreniw balanın` qorshag`an du`n`ya menen o`z-ara ha`reket etiw mu`mkinshiliklerin ken`eytedi. Balanın` o`zin tutıwı quramalı bola baslaydı, onın` qolı jetetug`ın predmetlerdin` sanı ko`beyedi. Ol barg`an sayın ata-anası menen birlikte is-ha`reketke, tiykarınan turmıslıq ha`reketlerge qosıladı. Usı da`wirde balanın` o`z betinsheligi de ken`eyedi. Balanın` o`mirindegi o`zgerisler tag`ı da quramalıraq a`dep-ikramlılıq qa`delerin engiziwdi talap etedi. Ma`selen, oyınshıqlardı soraw ha`m basqa balalar menen olardı birge bo`lisiw, o`sip turg`an ko`k sho`plerdi baspaw, eger ta`rbiyashı ba`nt bolsa shıdamlılıq ko`rsetiw ha`m t.b. Balanın` o`mirinde jan`a retlestiriwshi – «kerek» so`zi payda boladı. Og`an bag`ınıp, bala o`zinin` qa`lemewshiligin jen`ip bir na`rselerdi islewi, o`zinin` tileklerine qarsı turıwı mu`mkin.

Bir jastan eki jas aralıg`ına deyingi da`wirde balag`a qoyılatug`ın talaplar onın` ku`shi keletug`ınday ha`m unamlı sıpatta bolıwı tiyis. Olardı qoyg`anda balanın` huqıqların kemsitpew, onın` tilegin, o`z betinshelikke umtılıwın esapqa alıw za`ru`r boladı. Balanı jiyi-jiyi tiykarsız tu`rde keyiwler og`an unamsız ta`sir jasap, onda narazılıq payda etedi. Eger u`lken jastag`ı adam balag`a talap qoyıp, onın` orınlanıwın sistemalı tu`rde baqlap barsa, olar bir-birine qarama-qarsı kelmese, onda bul bala ushın u`yrenshikli a`detke aylanadı. Bala u`yrenshikli qa`delerge durıs ha`m tez juwap qaytaradı. Usınnan kelip shıg`ıp onda til alg`ıshlıq, intizamdı saqlaw, u`lken jastag`ılardın` o`tinishlerin orınlaw talabı qa`liplesedi. Son`ınan bala o`zin tutıwdın` bunnan da quramalıraq qa`delerin o`zlestire baslaydı. Ma`selen, bir jastan o`tkennen keyin balanı oyınshıqların ornına jıynap qoyıwg`a ha`m olarg`a juwapkershilik penen qatnas jasawg`a u`yrete baslaydı.

Erte balalıqtan ju`riwdi u`yreniw balanın` qorshag`an du`n`ya menen o`z-ara qarım-qatnasın ha`m oylaw shen`berin a`dewir da`rejede ken`eytedi. Balada minez-qulıq formaları quramalasadı ha`m bala o`zlestire alatug`ın predmetler shen`beri ken`eyedi. Ol ko`birek ku`ndelikli turmısta ushırasatug`ın waqıyalarg`a u`lkenler menen birgelikte is-ha`reket islewge umtıladı. Sol waqıttın` o`zinde o`z betinsheliktin` ju`zege keliwi ken`eyedi. Bala o`mirindegi bolıp o`tken o`zgerisler a`dep-ikramlılıq minez-qulıq a`detlerinin` qa`liplesip barıwına iytermeleydi. Ma`selen, eger de ta`rbiyashı basqa bala menen ba`nt bolsa, ku`tip turıwdı, oyınshıqlardı ko`z-qarashıg`ınday saqlaw kerekligin, olarda o`z ornına jıynap qoyıwdı, oyınshıqlardı sorap alıw ha`m basqa balalar menen  birgelikte oynaw ha`m t.b. Erte balalıq da`wirdegi a`dep-ikramlılıq a`detlerinin` qa`liplesiwi turmıstag`ı ha`r qıylı waqıyalar ha`m predmetler tiykarında ju`zege keledi.

Balalardag`ı a`dep-ikramlılıq ko`z-qaraslardı ha`m bahalawlardı qa`liplestiriwde ko`rkem a`debiyat a`hmiyetli rol` atqaradı. q-n` jaslı balalar o`zlerinin` qaharmanlarg`a  bolg`an ko`z-qarasının` ma`nisin tu`sinbeydi, al olardı tek jaqsı yaki jaman dep bahalaydı. 3-4 jastag`ı bala, waqıya haqqında pikir ju`rgizbesten, qaharmannın` anıq qılıqlarına o`zinin` unamlı yaki unamsız qatnasın bildiredi. 4-5 jaslarda «jaqsı», «jaman» tu`sinikleri qa`liplesedi. Sol payıtta, qaharmandı onın` is-ha`reketi, mazmunına qaray bahalaw ju`zege keledi. Bala personajlardın` o`z-ara qarım-qatnaslarına kirip baradı ha`m ha`reketti kim atqaratug`ınlıg`ın ha`m kimge bag`darlang`anlıg`ın esapqa aladı. n` jastan son` qaharmang`a da`rtleslik ha`m o`zinshe ja`rdemge umtılıw rawajlanadı. Solay etip, sa`wlelengen bag`dardag`ı ha`reketler balanın` minez-qulqının` sebeplerin pikirlewine ja`rdem beredi, al qaharmang`a emotsional mu`na`sibet penen onın` qılıqların morallıq bahalawdı ajırata baslaydı.

Balanın` u`lkenler menen birge shan`araqta o`mir su`riwi, is-ha`reket islewi, u`lkenlerdin` is-ha`reketlerine eliklewi a`dep-ikramlılıq normalarının` rawajlanıwına xızmet etedi. Bala ta`rbiyashıdan ha`m ata-analardan minez-qulıq stilin, maneralardı, a`detlerdi, predmetlerge ha`m haywanlarg`a bolg`an mu`na`sibetti qabıllaydı. Ma`selen, «jaqsı» ha`m «jaman» degen so`zlerdin` ma`nisin da`slep u`lkenler

ta`riyipleydi, al bala sol esitken ha`m ko`rgen na`rselerin o`z ta`jiriybesinde ushırasqanda g`ana esleydi ha`m qollanadı.

Balanın` minezi, a`dep-ikramlılıg`ı ha`m onın` minez-qulqı bag`darlang`an ob`ektke unamlı emotsional mu`na`sibet penen tıg`ız baylanıslı. Bala oyınshıq yaki mazalı na`rseni o`zine en` jaqın dosları menen an`sat bo`lisedi. Sonlıqtan jaqsı keypiyat, a`tiraptag`ı na`rseler, miyirmanlıq, g`amxorlıq a`dep-ikramlılıqtın` ju`zege keliwinin` baslaması boladı. Mektepke shekemgi jasta balalardın` a`dep-ikramlılıg`ının` rawajlanıwı ushın bir qansha qolaylı sharayatlar jaratıladı. Bul da`wirde balanın` u`lkenler ha`m ten`lesleri menen o`z-ara qarım-qatnasıqlar sisteması ken`eyedi ha`m qayta qurıladı, is-ha`reketler quramalasadı, ten`lesleri menen birgeliktegi is-ha`reketler ju`zege keledi.

Mektepke shekemgi jastag`ı balanın` a`dep-ikramlılıq haqqında tu`sinikleri onın` ku`ndelikli o`mirine ta`sir etedi. Haqıyqıy o`mirde bala basqalarg`a emotsionallıq bag`darlawdı ju`zege shıg`arıp, a`dep-ikramlılıq ha`reketlerin islewge, ja`njellerdi sheshiwge ha`reket qıladı. A`dep-ikramlılıq normaların o`zlestirip, bala ba`rinen de burın o`z ten`leslerin qadag`alay baslaydı. Og`an a`dep-ikramlılıq sıpatlardı o`z ten`lesleri orınlag`anda ko`riw ha`m bahalaw an`satıraq boladı. Olar jiyi-jiyi o`z joldaslarının` a`dep-ikramlılıq normaların orınlawın durıs bahalay aladı, al o`zine kelgende qa`telese beredi. A`dep-ikramlılıq normaların biliwge umtılıw, u`lkenlerge qarata ayrıqsha so`zlerdin`- «shag`ım-arza» lardın` payda bolıwına alıp keledi, olar balalar arasındag`ı ayırım balalardın` a`dep-ikramlılıq normalarının` buzılg`anlıg`ın, yamasa ha`r qıylı ta`rtipsizlik islegende waqıyalardı ashıq aydın aytıp beriw a`detleri payda boladı. Bunda bala normanı yaki qag`ıydanı durıs yaki nadurıs tu`sinetug`ınlıg`ın bilgisi keledi.

Solay etip, balalar a`ste-aqırın, o`z ten`lesin bahalap, o`zin onın` menen salıstırıp, u`lkenlerdin` ha`m o`z ten`leslerinin` is-ha`reketlerine baha berip, olar haqıyqıy o`zin-o`zi bahalawg`a jetedi.

## II Bap. Orta topar balalarda a`dep-ikramlı minez-qulıq a`detlerin ta`rbiyalaw

### 2.1. Orta topar - a`dep-ikramlı minez-qulıqtı ta`rbiyalawdın` qolaylı da`wir ekenligi

Bala jaman yaki jaqsı bolıp tuwılmaydı, a`dep-ikramlılıq sıpatların ol o`zi sin`diriwi kerek. 3-7 jas aralıg`ında ballada «jaqsı degen ne», «jaman degen ne» haqqında da`slepki tu`sinikler ha`m elesletiwler joqarı qa`liplesedi. Balada da`slepki a`dep-ikram sezimleri payda boladı – su`ysiniw ha`m a`tiraptag`ı adamlarg`a da`rtles bolıw, anag`a, atag`a su`yispenshilik h.t.b.

Mektepke shekemgi jasta og`an adam sezimlerinin` en` teren`, en` quramalı ha`m en` a`hmiyetlileri sin`diriledi: haqıyqatshıllıq, minnetlilik, miynetti su`yiw ha`m hu`rmetlew. Bul sezimlerdin` da`slepkisi ju`zege shıg`ıwları ele sadalaw: internatsionallıq sezim, mısalı ushın, basqa millet adamlarına su`yispenshilikte ko`rinedi. A`dep-ikramlılıq sezimlerinin` qa`liplesiwi ko`binese a`detlerden baslanadı. A`dep-ikramlılıq a`detlerdi ta`rbiyalawdı balag`a ele bir jasqa tolmay atırıp, yag`nıy ol ele u`lkenlerdin` tu`siniklerin tu`sine almaytug`ın waqıtları-aq baslaw mu`mkin. Bul jasta onı jaqsı bolıwg`a u`yretedi.

Bala ayırım jag`daylarda a`det bolıp ketken minez-qulkın a`melge asırsa, ol quwanısh sezimlerin sezedi. Eger de olardı orınlawg`a bir na`rse kesent berse ol tınıshsızlanıw sezimin basınan keshiredi, bul keyin ala uyat sezimine aylanadı. Bala ta`repinen o`zlestirilgen a`dep-ikramlılıq a`detlerin a`dep-ikramlılı minezdin` tiykarında jatadı.

A`dep-ikramlı minez-qulıq – bul adam ta`repinen qabıllang`an moral printsiplerine, onın` du`n`ya qaraslarına tiykarlang`an teren` sotsiallıq minez-qulıq. A`dep-ikramlılıq qag`ıydalarına sa`ykes, a`dep-ikramlı qılıqlardı islew a`deti balada sem`yada, balalar baqshasında u`lkenler ta`repinen turaqlı tu`rde talap etilip tursa g`ana payda boladı. Solay etip, bizin` ja`miyetimizde qabıl etilgen morallıq normalarg`a juwap beretug`ın a`detke aynalg`an qılıqlardın` bolajaq shaxslardın` xarakteri qa`liplesedi.

A`dep-ikramlılıqqa ta`rbiyalaw keleshekte esapqa alıp, balalıq qanday adam bolatug`ınlıg`ın esapqa alıp a`melge asırılatug`ın bolg`anlıqtan kishkene de u`lken de

ko`re alıwı, keleshekti ajırata alıwı kerek. Sonlıqtan, «haqıyqatshıllıq», «hu`rmetlilik» degende neni tu`sinetug`ınımızdı itibarg`a alıwn`ıw kerek. Hu`rmetlilik ha`m haqıyqatshıllıq balag`a «qosılıp tuwılg`anday» bolıp ko`rinedi. 3-4 jaslarda ol o`zinin` sezimlerin ha`m payda bolg`an oyların jasıra almaydı. Sonlıqtan u`lkenlerdin` baslı wazıypası – usı sıpattı rawajlandırıw, onı a`ste-aqırın u`lkenler ramkasına salıw.

Sonday-aq bul da`wirde morallıq emotsiyalardın` rawajlanıwı o`tedi ha`m sebeplerdin` turaqlı strukturası qa`liplesedi; jan`a sotsiallıq za`ru`riyatlar payda boladı; belgilengen qag`ıydalarg`a muwapıq qılıqlar islewge talaplar payda boladı. Bala ja`miyettegi a`dep-ikramlılıq normaları ha`m o`zin tutıw qag`ıydaları sistemasın o`zlestiredi.

Abdulova T.P. mektepke shekemgi jasta a`dep-ikramlılıqtın` rawajlanıwı sferasında 3 elementti ajıratadı:

1.A`dep-ikramlılıq sanası (baha, pikir);

2.A`dep-ikramlı minez-qulıq (sırtqı kadag`alaw  joq bolg`anda da o`z erki menen normalardı saqlaw);

3.A`dep-ikramlılıq keshirmeleri (uyalıw, da`rtles bolıw).

Mektepke shekemgi jasta a`dep-ikramlılıqqa baha beriwdin` rawajlanıwı burıng`ıday u`lkenlerdin` bahalawları menen tıg`ız baylanıslı.

U`lkenlerdin` balag`a ta`siri tiykarınan is-ha`reket protsessinde a`melge asadı. İs-ha`rekette a`hmiyet shaxslıq ma`nige iye boladı. A`dep-ikramlılıqtın` rawajlanıw protsessinde normalar a`ste-aqırın sırtqı talaplardan minez-qulıqtın` ishki sebeplerine aylanadı. Bala a`dette u`lkenler og`an qollanatug`ın minezlerdi o`zine qollansa, minez-qulıqtın` a`dep-ikramlılıq sebepleri payda boladı.

Mektepke shekemgi jasta a`dep-ikramlılıq sanan`ı qa`liplestiriw ushın erkin minez-qulıqtın` payda bolıwı, sebeplerdi bir-birine boysındırıw sheshiwshi a`hmiyetke iye. Sotsiallıq qabıl etilgen niyet boyınsha ha`reket etiw qa`bileti a`dep-ikramlılıq penen ha`reket islew ushın tiykarın salıwshı bolıp esaplanadı. Sebebi, mektepke shekemgi jas adamnın` barlıq ta`replerinin` u`lken o`zgerisleri bolatug`ın da`wir, sonlıqtan ko`plegen avtor bul da`wirge tu`rlishe, shaxstın` minez-qulqı tiykarlarının` qa`liplesiw da`wiri sıpatında qatnasta boladı. Bul da`wirdi olar ha`r biri

o`zinshe xarakterlenetug`ın birneshe etaplarg`a ajıratadı. Lebedev bul da`wirde shaxstın` a`dep-ikramlılıg`ının` tiykarlarının` qa`liplesiwine o`tetug`ın bir neshe basqıshtı ajıratadı. Birinshiden, bul a`dep-ikramlılıq da`wiri emes, sebebi 3-4 jastag`ı bala a`dep-ikramlı jan emes. Bul jerde bala tek g`ana tu`rli a`detlerdi o`zlestiredi, buyrıqtı orınlawdı u`yrenedi. Ekinshiden, bul a`dep-ikramlılıqqa shekemgi da`wir, ol balalarda simpatiyalıq seziniwlerdin` rawajlanıwı menen xarakterlenedi.

Simpatiyanın` rawajlanıwı da`slep shan`araqta ushırasatug`ın shaxslar ha`m mu`na`sibetler shegarasında, keyinirek, waqıttın` o`tiwi menen balanın` jası u`lkeyiwi menen shan`araq shegaralarınan shıg`adı. Lebedev a`dep-ikramlılıqqa shekemgi da`wirde kishigirim wazıypalardı orınlaw, yag`nıy balalardı, olardın` o`miri ha`m is-ha`reketinde belgili ta`rtipti saqlawg`a u`yretiw qubılısların ajıratadı. Shan`araqta balalardı erte turıwg`a, o`zin qalay tutıwg`a, shıdamlılıqqa h.t.b. u`yretedi. Bul kishi wazıypalardı orınlaw balalarda o`z kemshilikleri menen gu`resiwdi qozg`aydı. Solay etip, a`dep-ikramlılıq ha`m a`dep-ikramlılıqqa shekemgi da`wirler a`dep-ikramlı shaxstın` qa`liplesiwinde baslanıw da`wiri bolıp esaplanadı. Maxachev o`z ta`rbiyalaw filosofiyasında mektepke shekemgi jasta shaxstın` a`dep-ikramlılıq tiykarlarının` basqasha rawajlanıwın beredi. Ol 3 da`wirdi ajıratadı: birinshi, ta`biyiy egoizmnin` u`stinligi menen xarakterlenedi. Bala a`dep-ikramlı emes jan bolıp tuwıladı (bul onı Lebedev penen jaqınlastıradı) ha`m birqansha mu`ddet jaqsılıq ha`m jamanlıqtan basqa ta`repte turadı. Bul sotsiallıq mu`na`sibetler ta`jiriybesin a`ste-aqırın toplaw da`wiri. Bul jerde an` normalardı, moral` talapların qabıllawg`a ha`m o`zlestiriwge tayarlanadı, moralsızlıqtan a`melge asırılg`an moral du`n`yasına o`tiw ju`z beredi. Ku`ndelikli ta`rbiyada balanın` ta`biyiy egoizmi u`lkenlerdin` stixiyalı reaktsiyasın qadag`an etiwshi ha`m ta`sirler ha`m jazalawlar sistemasın keltirip shıg`ardı. Bunın` pedagogikalıq tiykarı ta`rbiyashının` abıroyı, balanın` og`an su`yispenshiligi, qızıg`ıwı, hu`rmetlewi. Ekinshi da`wir – balanın` sotsiallasıwı, onı a`dep-ikramlılıqqa ta`rbiyalaw, onı ja`miyetlik moral normaları sistemasına kirgiziw. Olar ja`miyetlik pikir ku`nine tayanadı.

Bul jerde jetilisiw baslanadı, morallıq qılıqlar ja`miyetlik pikir ta`repinen ayıplanadı, al huqıqqa qarsıları nızam menen jazalanadı. Ja`miyetlik a`dep-ikramlılıqqa ta`rbiyalaw sisteması balalarda mu`na`sibetlerdin` ja`miyetlik normasına

erkin-ma`jbu`riy tartıw bolıp, ol talaplardı tsivilizatsiyalı qanaatlandırıwdı ta`miyinleydi. A`dep-ikramlılıq an`ın qa`liplestiriw metodları a`dep-ikramlılıqqa ta`rbiyalawdın` a`dettegi jolı ha`m usıllarına aylandı. Olardın` ja`rdeminde balalardı a`dep-ikramlılıq normaları menen tanıstıradı ha`m olar ja`miyet ushın qanday a`hmiyetke iyeligi tu`sindiriledi. U`shinshi da`wir – erkin intellektual, a`dep-ikramlılıqtı o`zi rawajlandırıw da`wiri.

Bul basqıshta adam ishten qabıllang`an ja`miyet ushın bahalı ideal ha`m printsipler tiykarında ruwhıy avtonomlasadı, onda ku`ndelikli is-ha`reket ha`m minez-qulıqtın` joqarı nızamı sıpatında o`zinin` a`dep-ikramlılıq tiykarları qa`liplesedi. Adam printsipial, kritikalı pikirleytug`ın, juwapkershilikli, ishten erkinlesken shaxs boladı.

Solay etip, mektepke  shekemgi jas a`dep-ikramlılıq sıpatların qa`liplestiriw ushın en` qolay da`wir degen juwmaq shıg`arıw mu`mkin, sebebi usı da`wirde balada unamlı pozitsiyadan ta`sir etiw mu`mkin bolg`an a`hmiyetli o`zgerisler bolıp o`tedi. 3 ten 7 jasqa shekemgi aralıqta balada: a`dep-ikramlı minez-qulıq, a`dep-ikramlılıq an`ı, a`dep-ikramlılıq keshinmeleri payda bola baslaydı, olar adamnın` xarakterine ha`m keleshektegi o`mirine ta`sir etiwi mu`mkin.

A`dep-ikramlılıqqa ta`rbiyalaw mashqalası ken` ma`ni de adamzat rawajlanıwının` barlıq barısı ta`repinen qoyılg`an mashqalalar qatarına kiredi. Qaysı da`wir bolsa da o`zine ta`n spetsifik, sotsial-ekonomikalıq ha`m ma`deniy rawajlanıwı wazıypaları menen a`dep-ikramlılıqqa ta`rbiyalawdın` ha`m minez-qulıq ma`deniyatın qa`liplestiriwdi talap etedi. Ma`deniyatlı bolıw, ta`rbiyalı bolıw ayırım shen`berdegi adamlardın` g`a`ziynesi bolıp esaplanbaydı. Garmoniyalı rawajlang`an shaxs bolıw, qanday jag`day bolsa da, o`zin uslay alıw - ha`r bir adamnın` huqıqı ha`m wazıypası. Balalarda jaqsı ton qag`ıydaları menen erte jastan tanıstırıw kerek ha`m balalıqtın` ha`mme da`wirlerinde dawam ettiriw kerek.

Balalardın` aldın o`zlestirgen o`zin ma`deniyatlı tutıw ko`nikpelerine tayanıp, (xosh mu`layımlıq, ten`leslerine ha`m u`lkenlerge dıqqatlılıq ha`m su`yispenshilik, ja`rdem ko`rsetiwdin` elementar ko`nikpeleri, mu`na`sibettin` unamlı formaları h.t.b.), olarg`a adamnın` etikalıq minez-qulqı qag`ıydalarının` ma`nisin ha`m a`hmiyetin tu`siniwge u`yretiwi ha`m olar o`zlestire alatug`ınday etip ashıp beriw

kerek. Bul balalar baqshaları da`stu`rine kirgizilgen arnawlı sabaqlarda mektepke shekemgi orta jas da`wirinde a`melge asırıladı.

## 2.2. Orta topar balalardı a`dep-ikramlılıqqa ta`rbiyalaw wazıypaları

Ha`r tu`rli al`ternativ da`wirler bar bolsa da, ko`pshilik balalar baqshaları usı waqıtqa shekem balalar baqshasının` da`stu`rlerinen paydalanıp kiyatır. A`dep-ikramlılıqqa ta`rbiyalaw usı da`stu`rdin` tiykarg`ı wazıypaları qatarına kiredi, ol jetekshi orındı tutpaydı ha`m o`zinin` detallasıwı boyınsha aqıl-oy ha`m du`n`ya tanıwdı rawajlanıw sıyaqlı wazıypalarg`a orın beredi.

A`dep-ikramlılıqqa ta`rbiyalawdın` mazmunı mektepke shekemgi jastag`ı balalarda u`lkenlerge hu`rmet, ten`lesleri menen doslıq mu`na`sibette bolıw, basqa adamlardın` qayg`ısına ha`m quwanıshlarına da`rtles bolıw, adamgershilik sezimleri ha`m mu`na`sibetlerin ju`zege shıg`arıwg`a erisiw sıyaqlı a`dep-ikramlılıq sıpatların qa`liplestiriw, olardı ja`miyetlik bag`darlanıwın, juwapkershiliktin` tiykarların ta`rbiyalaw.

Bul wazıypalardı a`melge asırıwdın` metodları tipik da`stu`rde eki bag`dar menen sheklengen: a`meliy ta`jiriybe ushın sha`rayatlar jaratıw ha`m durıs morallıq bahalawdı qa`liplestiriw.

Balalarda ja`miyetlik minez-qulıq a`meliy ta`jiriybesin jaratıwdı ta`miyinleytug`ın metodlarg`a:

1. A`dep-ikramlılıq a`detlerin ta`rbiyalaw;
2. U`lkenlerdin` yaki basqa balalardın` u`lgisi;
3. U`lkenlerdin` miynet etiwi ha`m balalardın` oyının maqsetke muwapıq baqlaw;
4. Birgeliktegi is-ha`reketti sho`lkemlestiriw;
5. Birgeliktegi oyın.

Balalardı a`dep-ikramlılıqqa ta`rbiyalawda tu`rli sha`rayatlarda a`melge asırıw usınıs etiledi: turmısta, ku`ndelikli is-ha`rekette, oyında ha`m arnawlı sho`lkemlestirilgen sabaqlarda.

A`dep-ikramlılıq ko`z-qaraslarda, pikirlerdi ha`m bahalawlardı qa`liplestiriwge qaratılg`an, metodlardın` ekinshi gruppasına: ta`rbiyashılardın` etikalıq temalarda sa`wbeti; ko`rkem a`debiyatlardı oqıp beriw; kartinalardı tamashalaw ha`m talqılaw, isendiriw metodı, sonday-aq qoshametlew ha`m jazalaw metodları.

Solay etip, bul da`stu`rde baslı aktsent balalardın` kollektivistlik bag`darlanıwına qoyıladı. Wazıypa basqalarg`a da`rtles bolıwdı ta`rbiyalaw emes, al o`zin gruppa menen baylanıslı seziw ha`m o`zin kollektivtin` bir bo`legi dep seziwdi qa`liplestiriw. Bunday jantasıwda adam shaxsı (o`ziniki ha`m basqanıki) ajıratılmaydı, al kerisinshe kollektivke sin`ip ketiwge umtıladı.

Wazıypalarda adamgershilik sezimlerin ha`m unamlı o`z-ara qarım-qatnasıqlardı rawajlandırıw na`zerde tutılsa da, usınılıp atırg`an metodlar yaki durıs minez-qulıqtı (unamlı u`lgilerdi qaytalaw, unamlı a`detlerdi qa`liplestiriw), yaki ko`z-qaraslardı bahalaw ha`m pikirlerdi qa`liplestiriw.

Ha`zirgi waqıt mektepke shekemgi ta`lim da`stu`rlerinin` og`ada ha`r tu`rliligi menen xarakterlenedi.

Ha`zirgi waqıtta L.A.Venger ha`m onın` sha`kirtleri ta`repinen islep shıg`ılg`an, «Rawajlanıw» da`stu`ri ju`da` ken` tarqalg`an. Onın` tiykarında teoriyalıq qag`ıydalar jatır: A.V.Zaporojetstin` mektepke shekemgi da`wirdegi rawajlanıwdın` o`z bahalılıg`ı haqqında ha`m L.A.Vengerdin` o`zinin` qa`biletlerdi rawajlandırıw haqqında kontseptsiyası. Bul da`wirdin` maqseti aqıl-oy ha`m ko`rkem qa`biletlerdi rawajlandırıw, sonday-aq is-ha`rekettin` spetsifik mektepke shekemgi tu`rlerin rawajlandırıw.

Da`stu`r avtorları ta`repinen balalardı a`dep-ikramlılıqqa ta`rbiyalawdın` arnawlı wazıypaları qoyılmag`an, bunın` sebebi ol balalar ushın emotsionallıq o`zine tartatug`ın is-ha`reket tu`rlerinde, gruppa o`mirin ulıwma sho`lkemlestiriwde, u`lkenlerdin` dıqqat itibarı ha`r bir balag`a qaratılg`anda ha`m balalardın` o`z-ara qarım-qatnasıqlarında erisiledi. Usıg`an qaramastan, da`stu`rde a`dep-ikramlılıq mu`na`sibetlerdi rawajlandırıwdın` da`slepki negizleri oyın arqalı, su`wret salıw ha`m ko`rkem a`debiyat penen tanısıw arqalı berilgen. Biraq, ma`sele sonda, haqıyqatında da a`dep-ikramlılıqtın` rawajlanıwı usı qurallar menen erisileme degen soraw ashıq qaladı. Sonlıqtan, bul da`stu`rdin` a`dep-ikramlılıqtı rawajlandırıw ushın na`tiyjeliliginin` da`rejesi haqqında bir na`rse dep aytıw ju`da` qıyın.

«Kempir qosaq» da`stu`ri ha`zirgi waqıtta ju`da` u`lken qızıg`ıwshılıq penen paydalanılmaqta. Bul balalarda ta`rbiyalawdın`, bilim beriwdin` ha`m rawajlandırıwdın` kompleks da`stu`ri. Ol u`sh tiykarg`ı wazıypanı orınlawg`a

qaratılg`an: den-sawlıqtı bekkemlew, ha`r bir balanın` tolıq psixikalıq rawajlanıwı ha`m balalar baqshasında shadlı ha`m mazmunlı o`mirdi ta`miyinlew.

Ta`rbiyalaw maqsetleri arasında o`z ten`lesleri menen doslıq ha`m sabırlılıqtı rawajlandırıw ajıraladı. Ol morallıq normalardı qa`liplestiriw arqalı erisiledi: sa`lemlesiw ha`m xoshlasıw ritualları, tuwılg`an ku`ndi belgilew ritualları, ja`njel paytında balalarg`a ja`rdem beriw, agressiv ju`zege shıg`ıwdı neytrallastırıw, sonday-aq balalarg`a a`dillik normaların ha`m olardın` ten` huqıqlıg`ın ko`rsetip beriw. Ta`rbiyalawdın` tag`ı bir a`hmiyetli maqseti basqa balalardın` mashqalalarına sezimtallıqtı qa`liplestiriw.

Bul ma`seleni sheshiw ushın balalarda u`lkenlerdin` ha`m o`z ten`leslerinin` qıyınshılıqlarına ha`m mu`na`sibetlerine sezimtallıqtı oyatıw, tiri janlarg`a (haywanlarg`a) jaqsı, sezimtal qatnasta bolıwdı ko`rsetip beriw, sonday-aq, barlıq adamlardın` sezimlerine uqsawdı (awırsınıw, qorqıw) itibar beriw jolların qollanıw usınıladı.

Biraq, da`stu`r, onda qoyılg`an maqset ha`m wazıypalardın` sheshimin tabıw ushın qollanılatug`ın a`meliy qurallardın` jeterli islep shıg`ılmag`anlıg`ınan, konkret pedagogikalıq metod ha`m usıllardın` ha`m olarg`a erisiwdin` berilmegenliginen aqsaydı.

Basqa da`stu`rlerden parqı, onda balanın` a`dep-ikramlılıg`ın rawajlandırıw ha`m basqa balalar menen adamgershilikli mu`na`sibette bolıwdı rawajlandırıw oraylıq wazıypalardan biri etip qoyılg`an.

«Seziw – U`yreniw – İslew» da`stu`rinin` uranı.

Mektepke shekemgi jastag`ı balanın` rawajlandırıw mashqalası, onın` u`lkenler ha`m o`z ten`lesleri menen mu`na`sibetinde emotsional qolaylı jag`daydı ta`miyinlew ha`m balanın` predmet du`n`yası menen garmoniyada bolıwın ta`miyinlew «seziw» bo`liminde berilgen, onın` wazıypalarına «emotsional sezimtallıqtı, da`rtles bolıw qa`biletin, balalar iskerliginde minez-qulıqlarında, qılıqlarında adamgershilikli mu`na`sibetlerdi ju`zege shıg`arıwdı» rawajlandırıw kiredi.

Avtorlar qoyılg`an ma`selelerdi sheshiwdin` tiykarg`ı quralı «barlıq tirishiliktin` birligi» ideyasının` balalar ta`repinen o`zlestiriliwi dep esaplaydı. Ta`rbiyashı sa`wbetlesiw ha`m mashqalalı jag`daylardı talqılaw arqalı balalar usı

jasta tu`sine alatug`ın, adamlardı emotsional keshinbeleri, awhalları, mashqalaları ha`m qılıqları menen tanıstıradı. Usının` na`tiyjesinde, avtorlardın` pikirinshe, balalar o`zleri qanday keshirmelerde qanday ha`reket ha`m qılıqlar islenetug`ınlıg`ın tu`sinip aladı, olarda adamgershilikli ha`m adamgershiliksiz minez-qulıq haqqında tu`sinikler qa`liplesedi.

Basqa da ko`plegen da`stu`rlerdegi sıyaqlı «Balalıq» da`stu`rinde de mektepke shekemgi balalardın` emotsional sezimtallıg`ın rawajlandırıwdın` ja`ne bir a`hmiyetli quralı – olardı isskustvog`a: muzıkag`a, a`debiyatqa, xalıq ma`deniyatına tartıw esaplanadı.

Minez-qulıqtın` adamgershilikke bag`darlanıwı bala minez-qulqının` ulıwmalasqan xarakteristikası sıpatında tu`siniledi. Ol, balanın` payda bolg`an sotsial awhalda bag`ıt ala alıwın, bolıp atırg`an ha`diysenin` ma`nisin an`lawın, ten`leslerinin` awhalına emotsional sezimtallıqtı ju`zege shıg`arıwın sa`wlelendiredi. Avtorlar mektepke shekemgi jastag`ı balalardı adamgershilik sezimlerine ha`m doslıq mu`na`sibetlerge ta`rbiyalawdın` to`mendegi metod ha`m quralların usınadı:

– Balag`a tanıs bolg`an o`mirdegi waqıyalar ha`m keshinbeler su`wretliligi kartinalardı ko`riw;

– Tipik morallıq awhallar su`wretlengen ko`rkem shıg`armalardı oqıw ha`m qaharmanlardın` ha`reketlerin (qılıqların) talqılaw;

– Balalarg`a tanıs morallıq mashqalalardı sheshiw usınıs etiletug`ın oyın-shınıg`ıwlar;

– Adamgershilikke bag`darlang`an minez-qulıqtın` real ju`zege shıg`ıwın unamlı bahalaw, o`zinin` ha`m ten`lesinin` qılıqlarının` ma`nisin tu`sindiriw.

Da`stu`rde sezimtallıq awhaldı tu`siniw menen xarakterlenedi, yag`nıy bunda, ten`lesi qıyınshılıqtı basınan keshirgende bala ten`lesinin` emotsionallıq qolaylı jag`dayın tiklewge ja`rdem beretug`ın usıllardı tabadı. Avtorlar sezimtallıqtı ta`rbiyalawdın` tiykarg`ı metodları sıpatında balalardı o`z ten`leslerinin` qıyın awhalg`a tu`sip qalg`anına ha`m o`zinin` ha`m basqalardın` emotsionallıq qıyın jag`dayların jen`ip o`tiwine itibar qaratıwdı usınıs etedi. Usınday jol menen basqalarg`a ja`rdemge asıg`ıwg`a bag`darlang`an a`meliy ha`reketler ta`jiriybesi

toplanadı, balalarda sezimtallıqtı ha`m jaqsılıqtı ju`zege shıg`arıwg`a umtılıw payda boladı.

Solay etip, da`stu`rdin` maqsetleri jan`a bolıwına qaramastan, olardı a`melge asırıalları ha`m metodları burıng`ılar bolıp qala beredi.

Ko`rip shıg`ılg`an da`stu`rlerde a`dep-ikramlılıqtı ta`rbiyalaw maqsetleri ha`m olardı a`melge asırıw metodları arasında qarama-qarsılıqlar baqlang`anlıg`ın aytıp o`tiw kerek. Metod ha`m wazıypalardı salıstırg`anda, innovatsiyalıq da`stu`rlerdin` metodlarının` ko`pligi ha`m jan`alıg`ına qaramastan, olardın` ko`pshiliginde eski, tipik da`stu`rlerde qollanılıp ju`rgen qurallardı qollanıladı. Sog`an qaramastan, ko`plegen da`stu`rlerde ta`rbiyalawdın` baslı wazıypası balalar arasındag`ı adamgershilik mu`na`sibetler ha`m balalarda a`dep-ikramlılıq sezimlerdi rawajlandırıw esaplanadı, barlıq da`wirlerde de tiykarg`ı metodlar bir ta`repten komunikativlik ko`nlikpelerdi qa`liplestiriw, ekinshi ta`repten durıs bahalaw ha`m morallıq pikirler bolıp qala beredi. A`dep-ikramlılıq minez-qulqın qa`liplestiriw ha`m a`dep-ikramlılıq normaların biliw - a`dep-ikramlılıqtı rawajlandırıwdın` girewi dep esaplaydı, biraq bul olay emes.

Komunikativ ko`nlikpelerdi ha`m «a`dep-ikramlılıq a`detlerin» qa`liplestiriw «belgili bir awhalda minez-qulıq u`lgisi yaki qag`ıydasın avtomat ta`rizde qaytalawdı» na`zerde tutadı. Bug`an bir ta`repten, modelge uqsaw (u`lgige), basqa ta`repten, durıs ha`reketlerdi (qılıqlardı) qoshametlew ha`m nadurıs ha`reketlerdi maqullaw (yag`nıy u`yretiw) arqalı erisiledi. na`tiyjede bala muwapıq sha`rayatlarda avtomat ta`rizde ha`reketlerde, qollana alatug`ın moral stereotipke usag`an na`rse qa`liplesedi. Bunday ha`reket balanın` an`ınan tısqarıda bolıp o`tedi, bul balanın` durıs yaki nadurıs ha`reket etkenligin ayıra almawına alıp keledi. Shaması morallıq rawajlanıw ushın usınday shaxssızlıq (shaxstan ayırılıwshılıq) za`ru`r bolsa kerek.

Ta`rbiyalawdın` basqa bir metodı – morallıq bahalawdı ha`m pikirlewdi qa`liplestiriw: jaqsı ha`m jaman haqqında tu`sinik, morallıq minez-qulıq normaları haqqında, durıs ha`m nadurıs qılıqlar (ha`reketler) haqqında tu`siniklerdi payda etiw. Bul metod morallıq a`dep-ikramlılıq tu`sinikler balanın` o`z ha`reketlerinin` sebeplerine shekem o`sip baradı ha`m onın` al`truistlik minez-qulqının` girewi ha`m deregine aylanıwı mu`mkinligin na`zerde tutadı. Bul metod pedagogikalıq ko`z-

qarastan o`zine tartıwshı ha`m tu`siniklirek dep esaplanadı. Sebebi ol a`dettegi ha`m jetisiw mu`mkin bolg`an pedagogikalıq qurallardı na`zerde tutadı: «tu`sindiriw», a`debiyatlardı oqıw, unamlı mısallardı keltiriw h.t.b. Shaması, usının` na`tiyjesinde bul strategiya ken` tarqalg`an bolsa kerek. Morallıq minez-qulıqtı qa`liplestiriw ushın morallıq normalardı an`law za`ru`r sha`rt ekenligi haqqında tu`sinik ulıwma qabıl etilgen ha`m ko`rinip turg`an tu`sinik esaplanadı.

Solay etip, a`dep-ikramlılıq a`detlerin ta`rbiyalawdın` bar metodların qarap shıg`ıw na`tiyjesinde, biz bul metodlar bir qıylı ha`m jeterli da`rejede anıq ekenligin ko`remiz.

## 2.3. Orta topardag`ı balalarda a`dep-ikramlılıq a`detlerin ta`rbiyalaw metodikası

Kishi jastag`ı mektepke shekemgi jastag`ı balalarda tu`rli oyınlar ha`m baqlawlarda, o`zine-o`zi xızmet etiw miyneti protsessinde ha`m onsha qıyın emes tapsırmalardı orınlawda u`lkenler ha`m balalar menen mu`layım mu`na`sibetlerde bolıwdı qollanıp atırg`an oyınshıq ha`m na`rselerge ko`z qarashıg`ınday mu`na`sibette bolıwdı qa`liplestiriw kerek.

Pedagoglar ha`m ata-analardın` ta`rbiyalaw ta`siri balal rushın birlikli, turaqlı ha`m izbe-iz bolıwı sha`rt. Ko`rgizbeli tu`rde ha`reketlerdi ko`rsetiw, ha`reketlerdin` ma`nisin tu`sindiriw, minez-qulıq usılların tu`sindiriw bala ushın qızıqlı formada bolıwı kerek. Balalar menen ku`ndelikli mu`na`sibetler jaqsı mu`na`sibet tiykarında qurılıwı kerek. Ol balada emotsionallıq sezimtallıqtı, juwap retindegi xoshmu`la`yımlıqtı ha`m basqa da – shadlıq, jaqınlarına bawır basıw, mu`la`yımlıqtı keltirip shıg`aradı.

Orta jastag`ı mektepke shekemgi da`wirdegi balalardı ta`rbiyalawda pedagoglar ha`m ata-analardın` itibarı minez-qulıq ma`deniyatı ko`nlikpelerinin` «ta`sir etiw sferasın» ken`eytiwge qaratılıwı kerek. Bul jastag`ı balalar oyınlarda, o`zin-o`zi hu`rmet etiwde, sabaqlarda ha`m tu`rli miynetlerde aktivlik, o`zbetinshelik ko`rsete alıw qa`biletine iye boladı. Olar qabıllag`an ha`m o`zlestirgen qa`biletlerin burın bolmag`an jan`a ha`diyselerde de qollanadı, ma`selen, qolın tek awqattan aldın emes, al ha`jetxanadan kelgen son` da, haywanlardı, o`simliklerdi ku`tim bergen son` da, qum menen oynag`anda da juuadı, al g`amxorlıq, mu`layımlıq ha`m jaqsı qatnasıqlardı a`tiraptag`ılardın` ba`rshe, ha`tteki tanıs emeslerge de qollanadı. Balalar ta`biyatqa ko`z qarashıg`ınday mu`na`sibette boladı, oyınshıqlar menen, basqa na`rseler menen abaylap, muqıyatlı qatnasta boladı ha`m olardı du`zetip, ta`rtipke de keltiredi.

4-5 jasta balalardın` a`dep-ikramlı minez-qulqı a`ste-aqırın a`detke aylanadı, ta`biyiy mu`ta`jlik (talap)qa aylanadı, sebebi balalar a`dep-ikramlılıq, adamlarg`a adamgershilikli mu`na`sibet haqqında elementar tu`siniklerdi iyeledi. Sonlıqtan tu`rli waqıyalardag`ı balalardın` o`zin tutıw u`lgilerin ko`rsetiw menen birge olardı arnawlı

a`dep-ikramlılıq ha`reketlerine shınıqtırıw kerek. Pedagog o`z gruppasının` turmısın jaqsılap sho`lkemlestiriw, balalar ushın u`yrenisip qalg`an turmıs, oyın, mu`na`sibetler sha`rayatların jaratıw menen birge balalardı olar ushın jan`a, o`zgergen jag`daylarda o`zin qalay tutıwdı, qanday ha`reket islewin u`yretedi.

Balalar menen islegende olar menen sa`wbetlesiw, sonın` ishinde etikalıq sa`wbetler, balalardın` su`yikli qaharmanları qatnasatug`ın instsenirovkalardı tamashalaw ha`m qaharmanlardın` qılıqların a`lbette bahalaw, kartina reproduktsiyaların ko`riw ha`m talqılaw, su`wretler, ko`rkem foto su`wretlerdi ko`riw u`lken a`hmiyetke iye.

Bul usıllar balalardın` a`dep-ikramlıq minez-qulıq qag`ıydaların ulıwma qabıl etilgen normalar pozitsiyasınan an`lawg`a ja`rdem beredi ha`m bala shaxsının` emotsionallıq, erkli ha`reket a`meliy komponentlerine ta`sir etip onın` durıs ha`reket islewdi qa`lewin qollap-quwatlaydı, a`dep-ikramı minez-qulıq a`detlerinin` qa`liplesiwine ja`rdem beredi.

Solay etip, orta jastag`ı mektepke shekemgi da`wirdegi balalar baqshasındag`ı balalardın` minez-qulıq a`detlerin qa`liplestiriw ushın to`mendegi metodlar qollanıladı:

1.Sa`wbet. Balalar menen sa`wbetlese otırıp ta`rbiyashılar olardı oylaw ha`m so`ylewge qızıqtıradı. Balalarg`a eki-u`sh soraw berip, balalarg`a so`z beredi. Ta`rbiyashının` ja`rdeminde balalar o`z ten`leslerinin`, u`lkenlerdin` qılıqların (ha`reketlerin) a`dil bahalawdı u`yrenedi, nenii mu`mkin, nenii mu`mkin emes, ne jaqsı, ne jaman ekenligin tu`siniwdi u`yrenedi. Sa`wbetlerdin` temaları to`mendegishe bolıwı mu`mkin: «Ba`rqulla mu`layım bol», «Ne jaqsı, ne jaman, ne ushın», «Sizlerdin` jaqsı qılıqların`ız», «Anan`ızdı ne menen quwantıwg`a boladı» h.t.b.

2. Ko`rkem shıg`armalardı oqıw ha`m analizlew K.D.Ushinskiydin` «Ku`tiwdi u`yren», A.Bartonın` «Ja`rdemshi». Sabaqlıqta etikalıq fondı qosıqlar, jumbaqlar, tiykarg`ı bo`limge ha`m qosımsha bo`limge kirgizilgen muzıkalı qosıqlar jaratadı. A`debiy materialdı balanın` a`dep-ikramlılıg`ın ta`rbiyalawda basqa hesh na`rse menen almastırıw mu`mkin emes, sebebi balalar ushın o`zinin` minez-qulqın ha`m qılıqların bahalawdan ko`re, basqalardıkin bahalaw an`satıraq. Shaxstın` ha`r

ta`repleme rawajlanıwı ushın ta`rbiyashı balalardı tu`rlishe ko`rkem a`debiyat penen baylanıslı is-hareketlerge qosadı. Ma`selen, balalar ertek, gu`rrin` motivleri boyınsha o`zleri su`wretler saladı, ta`rbiyashı su`wretler ko`rgizbesin sho`lkemlestiredi.

3. Oyın. Ha`mmege belgili, mektepke shekemgi jasta bala ushın en` jaqın ha`m en` tu`sinikli is-hareket – oyın bolıp esaplanadı. Balalar menen islewde ta`rbiyashı kollektiv oyın-sabaqların, oyın-instsenirovkalardı, oyın-erteklerdi, syujet-rol` oyınların qollanadı. Oyın ja`rdeminde tu`rli korrektsiyalıq tapsırmalardı sheshiw mu`mkin: oyınlardan biri balalardın` birewi ushın qorqıwdı jen`iw, o`zinin` bahasın ko`teriw ushın qural bolıwı mu`mkin, al basqası ushın tınıshlandırıwshı qural, u`shinshisi ushın a`dep-ikramlılıq sezimlerin rawajlandırıw, a`dep-ikramlılıq sezimlerin rawajlandırıw, a`dep-ikramlılıq a`detlerin qa`liplestiriw ha`m ten`lesleri menen adamgershilikli mu`na`sibetlerdi rawajlandırıw mektebi bolıwı mu`mkin.

To`mendegi oyın ha`m shınıg`ıwlardı qollanıwdı usınıwg`a boladı:

– balalardın` o`zin ha`m basqa adamlardı u`yreniw qa`biletin rawajlandırıwg`a qaratılg`an «Su`ykimli balalar», «Alaqanlar», «O`zin`di ata», «Sıyqırlı stul», «Dostıma sawg`a»;

– emotsional tu`siniklerdi rawajlandırıwg`a qaratılg`an «Gu`lli keypiyat», «Maskarapazlar», «Bizler artistlermiz»;

– balalardın` sin`dirilmegen mu`na`sibet quralların o`zlestiriwine qaratılg`an «Tapshı, men kimmen», «Zoopark», «Skul`ptor», «Qay jerde bolg`anımızdı aytpaymız, al ne islegenimizdi ko`rsetemiz»;

– balalardın` sin`dirilgen mu`na`sibet qurallarin o`zlestiriwine qaratılg`an «Gu`l sawg`a et», «U`ndemes qız», «U`lken so`ylesiw», intonatsiyalar oyını;

– tu`rli sotsiallıq jag`daylarda so`zdi paydalanıw qag`ıydaların iyelewge qaratılg`an «Telefonda so`ylesiw», «Bizler ne qılsaq eken», «Senin` menen qanday so`ylesedi» h.t.b.

4. Oyın, sabaq ha`m miynet protsessinde pedagogtın` jumısın baqlaw. Ta`rbiyashının` ku`le-shıraylılıg`ı, basın iyzewi yaki shayqawı, ko`z benen mu`na`sibeti, mimika, jag`ımsız wazıypanı orınlawda bala menen birge ha`reket islewi, birgelikte islewi (konstruktsiyalaw, ılaydan na`rse islew, boyaw h.t.b.), esitiw

(tın`law), balanın` ha`ziline kuliwi – bulardın` ba`ri bala shaxsının` a`dep-ikramlılıq sıpatlarının` qa`liplesiwine ta`sir etedi.

Mektepke shekemgi da`wirdegi orta jas toparındag`ı balalardın` a`dep-ikramlı minez-qulqı a`detlerin qa`liplestiriwge ha`m a`dep-ikramlılıq normaların na`tiyjeli o`zlestiriwge ta`sir etetug`ın ayırım a`hmiyetli sha`rtlerdi saqlawg`a toqtalıp o`temiz.

Bala qandayda bir minez-qulıq talabı menen tanısqannan son`, jaqsını jamannan ayıra alıwı ju`da` a`hmiyetli. Usı tsikldi o`tip ayırım, qaytadan u`yrenilip atırg`an qag`ıydag`a joqarılaw da`rejede qaytıw kerek. A`dep-ikramlılıq minez-qulqının` a`detlerin ta`rbiyalaw ushın to`mendegi sha`rtlerdi orınlaw kerek:

1. Pozitiv keypiyat. Ta`rbiyalanıwshılardın` hesh birin umıtıwg`a yaki kewline tiyiwge bolmaydı, bunın` ushın onın` atın aytıp shaqırıw, prizler ha`m oqıtıwdın` basqa balalardı qızıqtıratug`ın usılları.

2. U`lkenlerdin` u`lgi bolıwı, ba`rshesinen de burın ta`rbiyashının` u`lgi bolıwı. Bala u`lkenlerdi baqlaydı ha`m bahalaydı. O`zinin` minez-qulqın aqıl-oydın` da`lili, etiketti saqlaw kerekliligi, o`zinin` u`yretiwdegi so`zlerine muwapıqlıg`ı ba`rhama pozitsiyasınan bahalap, ta`rbiyashının` ha`reketleri en` baslı maqsetke erisiwge – bala shaxsının` rawajlanıwının` tvorchestvalıq, mu`layım, doslıq sha`rayatın jaratıwg`a qaratılıwı kerek.

3. Shan`araq penen baylanıs – ta`rbiyalaw talapları ha`m qolaylılıg`ının` birligin saqlawg`a mu`mkinshilik beretug`ın a`hmiyetli sha`rt. Balalar baqshası ha`m shan`araqtın` ulıwma maqseti – jaqsı, ma`deniyatlı, ta`rbiyalı ha`m bilimli adam. Mektepke shekemgi orta jastag`ı balalarda a`dep-ikramlı minez-qulıq a`detlerin qa`liplestiriw boyınsha barlıq jumıslar ata-analar menen birlikte o`tkeriw kerek: olarg`a balalardın` jetiskenlikleri ha`m mashqalaları haqqında xabar beriw, olar menen ha`r bir balanın` individual (jeke) o`zgeshelikleri boyınsha ma`sla`ha`tlesiw, rawajlandırıwg`a tosqınlıq etetug`ın faktorlardın` payda bolıwın anıqlaw, shan`araqta a`dep-ikramlılık metod ha`m usıllarına ata-analardı oqıtıw.

Shan`araqlar menen tıg`ız baylanıstı jolg`a qoyıw maqsetinde, a`dep-ikramlılıq ma`deniyatın ta`rbiyalawda birlikti ta`miyinlew ushın to`mendegi metodlardı qollanıwdı usınıs etiw mu`mkin:

- Ulıwma ha`m toparlıq ata-analar jıynalısı;

- ma`sla`ha`tlesiwler;
- pedagogtın` o`z ta`rbiyashılarının` shan`araqlarına barıwı;
- ashıq esikler ku`ni;
- topar jayının` ata-analar mu`yeshinde jılısıwshı papkalar, stendler.

Minez-qulıq ma`deniyatın ta`rbiyalawda ha`m oqıtıwda ana tili u`lken rol` atqaradı. Durıs, go`zzal minez-qulıqqa u`yretiw ta`rbiyalanıwshının` so`zinin` rawajlanıwına da sebepshi boladı. Usı maqsette balada etikalıq minez-qulıq tu`sinikleri shen`berin ken`eytiw kerek. Bul so`zlik jumısı ja`rdeminde erisiledi.

Minez-qulıq ma`deniyatın, a`dep-ikramlılıq a`detlerin ta`rbiyalaw is-ha`rekette ha`m ta`rbiyashılardın` talaplarının` birliginde a`melge asırıladı; pedagogikalıq basshılıqtı balanın` intası ha`m o`z betinsheliligi menen gezekpe-gezek qosıp alıp baradı, balalardın` jas ha`m jeke o`zgeshelikleri esapqa alınadı. Bul jerde oqıtıw ha`m etikettin` printsiplerinin` to`mendegishe birligin este tutıw kerek.

Oqıtıw printsipleri: ilimiy, entsiklopediyalıq, ko`rgizbelilik, sistemalılıq, balalardın` an`lılıg`ı ha`m aktivliligi, oqıtıwdın` bekkemligi, ta`rbiyalanıwshılardın` rawajlanıwın individuallastırıw.

Etiket printsipleri: minez-qulıq qag`ıydalarının` aqılg`a ug`raslıg`ı ha`m za`ru`rligi, mu`layımlıq ha`m doslıq, minez-qulıq maneralarının` bekkemligi ha`m go`zzallıg`ı, mayda-shu`ydenin` joqlıg`ı, milliy da`stu`rlerdi hu`rmetlew.

Balalarg`a pedagogikalıq ta`sir etiwdin` tiykarg`ı usılları:

1. U`yretiw. Balag`a ma`lim bir minez-qulıq u`lgisi beriledi, ma`selen, stolda, oyında, u`lkenler menen yaki ten`lesleri menen so`ylesiwde qag`ıydanı tek ko`rsetip g`ana qoymastan onın` orınlanıwının` anıqlıg`ın da tekseriw kerek.

2. Shınıg`ıw. Qandayda bir ha`reket ko`p ma`rte qaytalanadı, ma`selen, qolg`a pıshaq ha`m vilkanı durıs uslap, go`sh bo`legin yaki kolbasanı kesiw. Balanın` awqatlanıw priborların usınday etip paydalanıw za`ru`riyatı ha`m aqılg`a muwapıqlıg`ın an`lawına erisiw kerek.

3. Ta`rbiyalawshı jag`daylar. Bala tan`lawı kerek bolg`an jag`day jaratıladı, ma`selen, vilka ha`m pıshaqtan yaki tek g`ana vilkadan paydalanıw.

4. Qoshametlew. Tu`rli usıllarda o`tkeriledi, mektepke shekemgi jastag`ı balalardı oqıwg`a aktivlestiredi, olardı durıs oqıwg`a aktivlestiredi, olardı durıs minez-qulıqlı qa`demdi tan`lawg`a baslaydı.

5. Jazalaw. Ju`da` siyrek qollanıladı, awırsınıwg`a yaki fizikalıq ja`birleniwge alıp keletug`ın jazalar qollanlmaydı, ta`rbiyashının` ha`m basqa balalardın` unamsız qılıqtı ayıplawı jaqsı qılıqlardı islewdi qa`lewin keltirip shıg`arıwg`a qaratılg`an bolıwı kerek.

6. Uqsaw ushın mısal (u`lgi): balag`a ju`da` kerekli ha`m o`zinshe ko`rgizbeli ta`rizdegi u`lgi. U`lgi ta`rbiyashı, ata-ana, tanıs bala yaki u`lkenler, a`debiy (ertek) qaharman.

7. So`z metodlarının` ko`p tu`rliligi: minez-qulıq qag`ıydaların an`lı ra`wishte u`yreniwge ja`rdem beredi, biraq olardı qollang`anda zerikerli morallasıw ha`m notatsiyag`a jol qoymaw kerek. Real yaki ertek waqıyasın aytıp beriw minez-qulıq qag`ıydaların emotsional qabıllawg`a mu`mkinshilik beredi.

8. Tu`sindiriw: gu`rrin`di tek aytıp berip qoymastan, qanday jag`dayda qanday ha`reket (qılıq) islew kerekligin tu`sindiriw kerek.

9. Sa`wbetlesiw: balalardın` minez-qulıq normaların ha`m qag`ıydaların biliwinin` da`rejesin anıqlawg`a ja`rdem beredi. Onı 5-8 adamlıq kishi gruppalarda o`tkergen maqul, sonda ha`r bir bala o`zinin` pikirin aytıwı mu`mkin. Balalardın` ko`z-qarasların, isenimlerin, a`detlerinin` mu`mkinshiliklerin biliw ta`rbiyashıg`a sa`wbetlesiwdi durıs sho`lkemlestiriw mu`mkinshiligin beredi.

## 2.4. Balalardın` minez-qulıq ma`deniyatın qa`liplestiriw boyınsha jumıslardı rejelestiriw

Mektepke shekemgi orta jas gruppasındag`ı balalardı na`tiyjeli, maqsetke bag`darlang`an ha`m sistemalı a`dep-ikramlılıqqa ta`rbiyalaw ha`m olardı minez-qulıq ma`deniyatın qa`liplestiriw ushın bul jumıslardı rejelestiriw kerek.

Rejelestiriw balalardın` jas o`zgesheliklerine sa`ykes a`melge asırıladı. Bala o`mirin sho`lkemlestiriwdin` formaları, mazmunı, metodları ha`m usılları a`dep-ikramlılıqtı ta`rbiyalaw wazıypalarına sa`ykes tan`lanadı. Sonday-aq, rejede mazmun ha`m metodlardı, olarg`a erisiwdi esapqa alıp a`ste-aqırın qıyınlastırıp barıw ko`zde tutılıwı kerek. Bunın` u`stine reje anıq ha`m real bolıwı, balalar baqshasında bar sha`rayatlardı, materiallıq bazanı esapqa alg`an bolıwı kerek.

A`dette shaxstın` a`dep-ikramlılıq belgilerin qa`liplestiriw balalar menen o`tkeriletug`ın barlıq ta`lim-ta`rbiya jumısları protsessinde a`melge asadı: sabaqta, ku`ndelikli mu`na`sibette, oyınlarda, miynette h.t.b. Sonlıqtan, a`dep-ikramlılıqtı ta`rbiyalaw o`z betinshe bo`lim sıpatında rejelestirilmeydi. Biraq, minez-qulıq ko`nlikpelerinin` (a`tiraptag`ı adamlarg`a mu`layım ha`m g`amxor qatnasta bolıw, zatlarg`a muqıyat ha`m ko`z-qarashıg`ınday mu`na`sibette bolıw, ma`deniy-gigienalıq ko`nikpeler) qa`liplesiwi balalar usı ko`nikpelerdi iyelewin talap etedi, sonlıqtan olardı rejelestiriw talap etiledi, sebebi, ko`nikpelerdin` qa`liplesiwi - ju`da` uzaq dawam etetug`ın protsess bolıp, qandayda bir shınıg`ıwdı, ha`reketlerdi orınlawdın` izbe-izligin ha`m ko`p ma`rte qaytalanıwın talap etedi. Balalar minez-qulıq ma`deniyatı ko`nikpelerin iyelewde a`hmiyetli individual ayırmashılıqlardı ju`zege shıg`aradı, sonlıqtan rejede olar menen jeke islew de ko`zde tutıladı.

Bes jasta balalar baqlag`ısh, qızıg`ıwshan` ha`m aktiv boladı. Olardın` qızıg`ıwları ha`r tu`rli boladı. Bilimlerinin` ko`lemi ken`eyedi, balalardı ja`miyetlik turmıstın` qubılısları menen tanıstırıw mu`mkinshilikleri ken`eyedi. U`lkenlerdin` miynet etiwi, olardın` miynet protsessindegi o`z-ara mu`na`sibetleri, jaqın ortalıqtag`ı, u`ydegi ayrıqsha waqıyalar balalardın` dıqkat-itibarının` predmetine aylanadı. Balalar baqshasındag`ı o`mir atmosferası da a`dep-ikramlılıq sezimleri ha`m sıpatlarının` qa`liplesiwi ushın u`lken a`hmiyetke iye bola baslaydı.

Balalardın` balalar baqshasındag`ı ha`m u`ydegi ha`r ku`ngi o`zbetinshe a`meliy ha`reketlerin basqarıwdı olardın` dıqqatın u`lkenlerdin` miynetine qaratıp qosıp alıp barıw, u`lkenlerge hu`rmet, olar menen mu`na`sibet ma`deniyatın ta`rbiyalaw ma`selelerin tabıslı sheshiwge ja`rdem beredi. Ta`rbiyalaw is-ha`reketlerinin` bul oblastı balalardın` dıqqat-itibarın, olar ha`r ku`ni mu`na`sibette bolatug`ın u`lkenlerge qaratıwdı sho`lkemlestiriwdi talap etedi. ko`binese, balalardın` egoizmi o`z jaqınlarına mu`na`sibette ju`zege keledi, olar u`lkenlerdin` g`amxorlıg`ın bayqamaydı. Bunday bolmawı ushın balalardı u`lkenlerdin` miynetin ko`re alıwg`a, tu`siniwge ha`m bahalawg`a (jasına muwapıq) u`yretiw, olardın` unamlı ha`reketlerin ha`m mu`na`sibetlerin ko`rsetiw kerek. Bunın` ushın jaqsı qural – bunday ha`reketlerdi oyınlarda ha`m sabaqlarda durıs sa`wlelendiriw.

Jıl dawamında eki-u`sh a`dep-ikramlılıqqa bag`darlang`an sabaqlardı a`tiraptag`ı u`lkenlerge hu`rmetti ta`rbiyalawg`a bag`ıshlaw kerek.

Balalardı a`dep-ikramlılıqqa ta`rbiyalaw ha`m olarda minez-qulıq ma`deniyatın qa`liplestiriw boyınsha teren`irek jumıs alıp barıwdı ta`miyinlew za`ru`r bolg`an jag`dayda du`n`ya tanıw bo`limine kiretug`ın ma`deniyat boyınsha sistemalı sabaqlardı paydalanadı. Solay etip, mektepke shekemgi ta`rbiya mekemelerinde orta gruppalarda ha`r 2-3 ha`ptede bir ma`rte usınday sabaqlar o`tiledi ha`m rejege tema ha`m da`stu`r mazmunı jazıp qoyıladı. Jumıstın` a`hmiyetli forması sa`wbetlesiw esaplanadı, rejede sa`wbetlesiw mazmunı ha`m balalarg`a qoyılatug`ın tiykarg`ı sorawlar jazıladı. En` u`lken rejelestiriletug`ın bo`lim bolıp «Birgeliktegi is-ha`reket» esaplanadı. Bul jerde to`mendegi formalardın` maqsetleri rejelestiriledi: oyınlar, oyın-shınıg`ıwlar, oyın-instsenirovkalar, kartina ha`m illyustratsiyalardı ko`riw, waqıyalar, modellestiriw, diskussiyalar, baqlawlar, qutqarıw xızmeti, tapsırmalar, ma`seleler, na`rselerdi islew, jumıs, ko`rkem a`debiyatlardı oqıw, audio ha`m video jazıwlardı oqıw ha`m balalar menen islesiwdin` basqa da formaları.

Sonnı aytıp o`tiw kerek, balalardın` o`z betinshe is-ha`reketi maqsetke bag`darlang`an xarakterge iye bolıw kerek ha`m muwapıq bo`limde rejelestiriledi. Balalar baqshasındag`ı bayramlar ha`m kewil asharlar sıyaqlı sho`lkemlestiriw formaların aylanıp o`tiwge bolmaydı, olarg`a arnawlı ku`nlerdi kirgiziw kerek («den-sawlıq ku`ni», «jaqsı isler ku`ni» h.t.b.).

Joqarıda aytıp o`tilgeninidey, ta`rbiya shan`araq penen birlikte alıp barılıwı kerek, sonlıqtan ata-analar menen a`dep-ikramlılıqtı ta`rbiyalaw ha`m balalardın` minez-qulıq ma`deniyatın qa`liplestiriw boyınsha jumıslardı rejelestiriw ha`m a`melge asırıw kerek. Ata-analar menen o`tkeriletug`ın jumıslar ma`sla`ha`tler, sa`wbetlesiwler, ata-analar jıynalısı, jılısıwshı papkalardı ju`rgiziw, belgili bir tematika boyınsha maqalalar, ashıq sabaqlar, konkurslar, soraw-juwaplar keshesi sıyaqlı formalardı o`z ishine aladı.

Mektepke shekemgi ta`lim mekemelerinde orta gruppalarında a`dep-ikramlılıqtı ta`rbiyalaw ha`m minez-qulıq ma`deniyatın qa`liplestiriw boyınsha jumıslardı shamalap rejelestiriw bir jıl aldın du`zilgeni maqsetke muwapıq boladı.

Bloklar boyınsha rejelestiriw qolaylı boladı: sabaqlar, sa`wbetlesiwler, birgeliktegi is-ha`reket, o`z betinshe ha`reket, bayramlar ha`m kewil asharlar, ata-analar menen jumıs alıp barıw. Bul maqsetler ha`m wazıypalardın` sistemalılıg`ın ha`m izbe-izligin baqlap barıwg`a mu`mkinshilik beredi. Usı jerde jumıs formalarında ko`rsetiw kerek.

Bunday rejeni o`zgermeli paydalanıw mu`mkin, yag`nıy onı o`zgertiw ha`m sha`rayatlarg`a qarap tu`rli variantlarda qollanıwg`a boladı. En` baslı sha`rt – pedagogtın` tvorchestvosı, balalar ushın a`dep-ikramlı ortalıq jaratıw, bular ja`miyette a`dep-ikramlı minez-qulıq a`detlerin qa`liplestiriwge ta`sir etedi.

Solay etip, rejelestiriw a`dep-ikramlıqtı ta`rbiyalawdın` ha`m minez-qulıq ma`deniyatın qa`liplestiriwdin` a`hmiyetli sha`rti, onısız maqsetke bag`darlang`an, izbe-iz ha`m sistemalı jumıs bolıwı mu`mkin emes.

Mektepke shekemgi jastag`ı balalardı a`dep-ikramlılıqqa ta`rbiyalaw da`stu`ri o`zinshe o`zegi bolıp, onın` a`tirapında balalardı oqıtıwdın` tolıq protsessin qurıw maqsetke muwapıq boladı. Ta`rbiyashı bala menen ha`r ku`ni kewil baylanısın ornatadı. Eger usıg`an erisilse balag`a oqıw, mu`na`sibet qurıw, kollektivte jasaw an`sat boladı. Sonda g`ana Ya.Korchaktın` aqıllı so`zleri o`z tastıyıg`ın tabadı: «Qısqıg`a almaytug`ın, al erkinlik beretug`ın, buzbaytug`ın al qa`liplestiretug`ın, basıp taslamaytug`ın, al ko`termeleytug`ın, buyrıq beretug`ın emes, al u`yretetug`ın, talap etpeytug`ın, al soraytug`ın ta`rbiyashı bala menen birge ko`plegen ko`terin`ki minutlardı basınan keshiredi».

## Juwmaqlaw

Bizin` da`wirimizde ja`miyetlik pikirde XXI a`sir talaplarına juwap beretug`ın ulıwmalasqan adam obrazı belgilendi. Bul fizikalıq saw-salamat, bilimli, do`retiushi, maqsetli ja`miyetlik miynetke uqıplı, o`z o`mirin, jasaw ha`m mu`na`sibet shen`berin tiykarg`ı morallıq printsiplerge muwapıq qurıwg`a qa`biletli shaxs. Sonlıqtan ja`miyet o`mirinin` ha`zirgi etabında balalardı balalar baqshasında a`dep-ikramlılıqqa ta`rbiyalaw mashqalası u`lken a`hmiyetke ha`m aktuallıqqa iye.

Balalardı a`dep-ikramlılıqqa ta`rbiyalawdın` qa`liplesiwi o`mirdin` ob`ektiv sha`rayatları, oqıtıw ha`m ta`rbiyalaw, tu`rli is-ha`reketler protsessi, ulıwma insanıy ma`deniyattı o`zlestiriw ta`sirinde ju`z beredi ha`m ulıwmainsanıylıq moral normalarına sa`ykes keletug`ın pu`tin pedagogika protsessi, balanın` o`mirin onın` jas ha`m jeke o`zgesheliklerine qarap sho`lkemlestiriw sıpatında na`tiyjeli a`melge asadı. Sonlıqtan oqıw-ta`rbiya jumısları o`z ishine a`dep-ikramlılıq ideyaların alar ha`m tu`rli na`tiyjeli formalarda mazmunlı ha`m emotsional bayıg`an halda a`melge asırıladı.

Oqıw-oyın sabaqlarının` ideyalıq, a`dep-ikramlılıq baylıg`ı, sabaqtan tısqarı is-ha`reketlerdin` ha`r tu`rliligi, shan`araqtag`ı turmıs – balalarda a`dep-ikramlılıqtın` qa`liplesiwinin` a`hmiyetli derekleri.

Usı jumıs aldına qoyılg`an wazıypalardı orınlaw barısında orta topardag`ı mektepke shekemgi jastag`ı balalardın` a`dep-ikramlılıq minez-qulqın ta`rbiyalaw mazmunı, formaları ha`m metodları u`yrenildi.

Bizler a`dep-ikramlılıq tu`sinikleri ha`m qılıqları tabıslı qa`liplesiwi ushın to`mendegiler za`ru`r degen juwmaqqa keldik:

– Psixologiya-pedagogikalıq protsess sıpatında a`dep-ikramlılıqtı ta`rbiyalawdın` ma`nisin tolıq tu`siniw;

– a`dep-ikramlılıqtın` qa`liplesiw «mexanizmlerin» biliw;

– minez-qulıq ma`deniyatın qa`liplestiriw boyınsha jumıslardı rejelestire biliw, a`dep-ikramlılıqtı ta`rbiyalawdın` na`tiyjeli jolların ha`m qurallarin tvorchestvolıq islep shıg`ıw ha`m a`meliyatta qollana biliw h.t.b.

A`dep-ikramlılıqtı ta`rbiyalaw ushın unamlı a`dep-ikramlılıq ta`jiriybesi sheshiwshi a`hmiyetke iye, bul ta`jiriybeni toplawda balalardın` mu`na`sibetleri ha`m birgeliktegi is-ha`reketleri ayrıqsha a`hmiyetli. Biraq ta`jiriybe maqsetke sonda g`ana alıp keledi, egerde minez-qulıq joqarı sebepler boyınsha a`mel qılsa.

Sabaqlarda qa`liplesken a`dep-ikramlılıq mu`na`sibetleri, a`dep-ikramlılıq tu`sinikleri ha`m qılıqları bos waqıtları bekkemlenedi yaki bir qansha o`zgeredi. Bul kollektiv oyın yaki birgeliktegi miynet bolıwı mu`mkin. Biraq ha`r tu`rli dereklerden alıng`an barlıq ha`r qıylı, ayırım waqıtları qarama-qarsılıqlarg`a iye faktlar balanın` an`ında birlesiwi ha`m a`dep-ikramlılıq tu`siniklerinin` qa`liplesiwi ushın tiykar bolıwı kerek. Bul wazıypa a`dep-ikramlılıq tematikasında o`tkeriletug`ın tu`rli shınıg`ıwlar, sa`wbetlesiwler, oyınlar ha`m sabaqlar protsessinde orınlanadı. Aqırına kelip a`dette a`dep-ikramlılıq qag`ıydası kelip shıg`adı ha`m onı barlıq balalardan talap etiw kerek.

Shaxstın` qa`liplesiw protsessinin` quramalılıg`ı sonda, ta`rbiya ta`sirleri balanın` ta`jiriybesi, onın` psixikalıq o`zgesheliklerin esapqa alıp qayta islep shıg`ıladı. Bir qıylı ta`rbiyanın` ta`sirlerde de shaxstın` rawajlanıwı tu`rlishe bolıwı mu`mkin. Sonlıqtan ta`rbiya sharaların o`tkeriw balanın` a`dep-ikramlılıg`ının` rawajlanıwına kepillik bere almaydı.

Mektepke shekemgi jastag`ı balalardı a`dep-ikramlılıqqa u`yretiwdin` na`tiyjeliligi mektepke shekemgi ta`rbiya mekemesi ha`m shan`araqtın` kelisimli jumıslarınan ko`p hallarda g`a`rezli. Jumıslar parallel`, birin-biri tolıqtırg`an halda alıp barılıwı kerek.

## Paydalanılg`an a`debiyatlar dizimi


1. O`zbekiston Respublikasining Konstitutsiyasi T., O`zbekiston, 2003 y.

2.Karimov I.A. Yuksak ma`naviyat engilmas kuch. T., O`zbekiston, 2008 y.

3. Karimov I.A. Tinchlik va havfsizlik o`z kuch-qudratimiz, hamjixatligimiz va qat`iy irodamizga bog`lik. 1-2 jild .T., O`zbekiston, 2004 y.

4. Karimov I.A. Bizning bosh maqsadimiz-jamiyatni demokratlashtirish va yangilash, mamlakatni modernizatsiya va isloq etishdir. T. 2005.

5. I.Karimov. Barkamol avlod-O`zbekiston taraqqiyotining poydevori T., 1998

6. A.K.Munavvorv. Pedagogika. T., 1996 yil.

7. R.Mavlonova. Pedagogika. T. , 2001 y.

8. «Bolajon» tayanch dastur-T., 2011 –yil.

9. P.Yusupova. Maktabgacha tarbiya pedagogikasi T.,1993 y.

10. O`zbek pedagogikasi antologiyasi. -T.,1997 y.

11. A.Erkaev. Mustaqillik va madaniy meros. -T.,1996 y.

12. Safo Ochil. Mustaqillik ma`naviyati va tarbiya asoslari. -T.,1995.

13. X.Ibragimov va boshk Pedagogika -T.,2007 y .

14. Abdulla Avloniy. Turkiy guliston yohud axloq. -T.,1999.

15. M.Murodov. O`zbek qadriyatlari. -T.,1996 y.

16. A.Atoev. Farzandingiz barkamol bo`lsin. -T.,1990 y.

17. J.Hasanboev va b. Ma`naviy axloqiy tarbiya asoslari. -T.,2000 y.

18. Bolalar bogchasining katta tarbiyachisi T-1991 y.

19. U.Otavalieva. Bola tarbiyasida bogcha va oila xamkorligi T. O`kituvchi 1994 y.

20. R.Raximova. Tarbiyachiga 1001 maslaxat T.2007 y.

21. Bolangiz maktabga tayyormi. T- 2001.

22.O.Xasanboeva va boshk.Tabiat bilan tanishtirish metodikasi. T.2006 y.

23. Durdona. Boqchalar uchun badiiy adabiet xrestomatiyasi.- T.1995 y

24. O.To`raeva. Bola azaz, odobi undan aziz. T. O`qituvchi 1986 y.

25. Odob bo`stoni va axloq gulistoni. T. «Fan» - 1994 y.

26. Sh.Sodiqova. Maktabgacha pedagogika. T. 2012

## Sabaq konspekti

## Tema: Tog`ayg`a sayahat

**Sabaq makseti:** Balalardı tog`ay o`miri haqqında bilimlerdi bekkemlew, tırmasıp shıg`ıw ha`rketlerin rawajlandırıw, olarda fizikalıq ha`reket ko`nlikpelerin ta`rbiyalaw.

**Sabaq wazıypası**: Balalardı fizikalıq rawajlandırıw, olarda fizikalıq sıpat ha`m ko`nlikpelerdi ta`rbiyalaw.

**Kerekli qurallar**: terekler, japıraqlar, miywelerdin` suwretleri, suw suwreti salıng`an panno, ganteller.

**Sabaq barısı**:

*Ta`rbiyashı:* Balalar bilesizler me men bugun sizlerge tog`ayg`a barıwdı usınıs etemen. Barıwdı qa`leysizler me?

*Balalar juwapları*:

*Ta`rbiyashı*: Onda tayarlıq ko`reyik. Shaqqan ha`reket etemiz. Tog`ayda bizlerge arqan, tayaqshalar, toplar kerek boladı. Sonın` ushın olardı ha`m alamız. Balalar sport kiyimlerin kiyedi ha`m dene ta`rbiya zalına keledi.

Zal terekler menen u`skenelengen. Balalar jasına say bolg`an otırg`ıshlar, salmalar ha`m ha`r turli tosıqlar jaylastırılg`an.

Qa`ne balalar kelinler. Tog`ayımızdag`ı tereklerdi ko`rdin`izbe? Usı paytta bir shette jatqan ayıwdı ko`rip qaladı.

Ta`rbiyashı: Balalar qaran`lar ayıw jıtıptı. Ju`rin`ler ol menen gurrin`lesemiz.

- Hay ayıw sag`an ne boldı? Ne ushın jıtırıpsan`?

Ayıw:- Mazam joq, ayaq-qollarım awırıp atır. Ornımnan turıwg`a halım joq.

- Balalar qa`ne aytın`lar ne ushın ayıw bull awhalg`a tusip qaldı?

Balalar: - Ol sport penen shug`ıllanbag`an, shınıg`ıw islemegen, durıs auqatlanbag`an, sonın` ushın awırıw bolıp qalg`an.

- Qa`ne tur ornın`nan, balalar ayıwdı turg`ızadı. Ayıw a`mellep ornınan turadı.

Ta`rbiyashı: Balalar kelin` ayıwdı jurgiziwge ha`rket etemiz. Qa`ne ayıw bizler menen birge ju`r.

- Balalar don`gelek bolıp ju`redi. Endi ayıw ayaqlarımız ishki ta`repinen, keyin sırtqı ta`repinen ju`remiz. Ba`rekella, ju`da` jaqsı ju`ripsen`, denen`di ko`ter, a`ne Maxmudqa uqsap ju`riwge xa`rket et.

Balalar kelin` ayıwg`a uqsap ju`remiz, qaran`lar ayıw ju`girip ketti, bizler ha`m ju`giremiz. Balalar ayıw izinen ju`giredi. Ja`ne ju`riwge o`tedi. Ayıw balalardı o`zinin` oyınların oynawg`a mira`t etedi. Balalar aldınnan qoyıp qoyılg`an terekler tuwrısına turıwları soraladı. Ayıw balalarg`a o`z gantellerin sawg`a etedi ha`m ulıwma gewdeni rawajlandırıwshı shınıg`ıwlar baslanadı.

Ayıw balalarg`a o`z minnetdarshılıg`ın` bildiredi. Usı payt terekler astınan qoyan dugirip shıg`adı ha`m balalardan qasqırdan qutılıw ushın ja`rdem beriwlerin iltimas etedi. Kelin` qasqırdan qashıw ushın tez zangilerge minip aladı.

Zalga ashıwlanıp bo`ri kirip keledi. Balalar ha`m qoyandı joqarıda ko`rip uyıldaydı. Olardın` tusiwlerin kutedi ha`m ketip qaladı. Balalar zan`gilerden Balalar qoyandı uslap qasqırdan qashadı. (Tosıqlar arasınan jugiriw ha`rketi orınlanadı. Tosıqlar, yag`nıy terekler, ag`ashlar balalar jugiriwine qolaylı ta`rizde jaylastırılg`an). Qasqır olarg`a jete almay sharshaydı ha`m sozılıp jatıp qaladı.

Ta`rbiyashı: Balalar ko`rdin`izbe sport penen shug`ıllanbag`anlıg`ı ushın ju`gire almadı ha`m bizlerge jete almadı.

Balalar mine bull jerde ulken salma bar eken, sekirip o`te alamız ba?

Balalar: Awa sekire alamız. (Balalar ken`ligi 60 sm bolg`an salmalardan sekiriw shınıg`ıwın orınlaydı).

Qasqır ha`m olardın` arqasınan sekirmeqshi boladı, ol salmag`a tu`sip ketedi. Balalar qasqırdı qutqarıp aladı. Qasqır balalarg`a ha`m qoyang`a rahmet aytadı. Olar menen «Miywe teremiz» ha`rketli oyının oynaydı.

Oyınnın` barısı: Gimnastika zan`gilerinin` en` joqarsına miywlerdin` suwretleri ilingen bolıp, balalar olardı bir-birewden alıp tusedi.

Ta`rbiyashı: Balalar ko`rdin`izbe, sizler menen tog`ayg`a sayahatqa kelip sonsha tamashalardı ko`rdiq. Endi ballar baqshamızg`a qaytamız. Balalar toparımız ushın tog`ay gullerinen terip alamız.

Balalar guller teredi, iyiskeleydi, gul da`ste tayarlap ju`rip ketedi.